peten sraya tandingna kalawan ingsun,
nanging ta nuli lungaa, neng kene ngeseli ati.

– Yen wus aneng nagri liyan, sakarepmu nuli lungaa aglis,
yeka marang pupundenmu, lah mara popoyana,
pujanira sangaprabu ing Medayun,
yen tahun iki tan prapta, pasthi sun tindak pribadi.

– Iya den arep-arepa, nora mundur ing ujar ingsun iki,
nuli lungaa den gupuh, lamun sira tan lunga,
sun antebi gada pasthi ajur mumur,
Raja Salhasah wus kesah, ambekta bala sakethi.

– Dumununga nagri Sulebar, pan kaprenah lor kuloning Serandil,
sapraptanira ing ngriku, Sahalsah madeg nata,
ing Sulebar kaprentah Serandil prabu,
Lamdahur kang winursita, anggung bojana ing dasih.

– Punggawa kang nitih liman, tigang ewu samya andeling jurit,
nitih blegedaba sewu, punggawa seseliran,
kang sanambang nitih karendhi lan senug,
kang nitih memreng lan unta, ingemong andaka kuldi.

-- Sayuta nitih turangga, warna-warna punggawa ing Serandil,
kang minangka patihipun, wau Prabu ing Mlaka,

angreh ratu punggawa pan kawan ewu,
saben wadana satunggal, angrehken satus nagari.

– Ratu kang ingaken kadang, ingkang samya kukuwu neng Serandil,
ing Gedhah, Trengganu, Lampung, Anggris, Prasman, Maldewa,
ing Sepanyol, Perancis lan Bangkahulu,
Siem, Siak, Sokadana, Palembang lan Johor Tambi.

– Surati, Solok, Madewa, Minangkabo, Brenggala myang Mrengdeli,
Ngambon, Pudi lan Selangur, Wawan lawan Satatar,
miwah Slebar aji malah Bali lekur, samya ratu gagah-gagah,
ginula-gula mamanis.

III. PRABU NUSIRWAN DHAWUH NGLURUGI LAMDAHUR

DANDANGGULA

– Kuneng wau nagari Serandil, kawarnaa kang aneng Sulebar,
Prabu Sahalsah karsane, utusan mring Medayun,
dyan nunurut Sri Narapati, samula bukanira,
solahe Lamdahur, kang kalebu jroning surat,
sakathahe mengku carita narpati, dibyane Nateng Selan.

– Apan lagya nggenira mangsuli, anyelani kandha Rajeng Selan,
dening liya wiwitane, nugel wekasaningsun,
kadi pareng lahire uni, kalawan jaman Ngarab,
nging genti cinatur, utusanira Sahalsah,
pangalasan sadaya marang Medayin, ing marga tan winarna.

– Sampun prapta nagari Medayin, nuju Sang Nata miyos sineba,
andher ratu punggawane, duta tumameng ngayun,
Kyana Patih gepah anganthi, matur ngaturken surat,
tinampenan sampun, lajeng katur ing Sang Nata,
kinen mbuka winaos Rekyana Patih, tembunge kang nawala.

– Ingaturken sawekase ugi, Sang Lamdahur kala lahirira,
katur satingkah-tingkahe, mangkya wus madeg ratu,
langkung gagah prakoseng jurit, aturipun Sahalsah,
katura pukulun, Raja Lamdahur sudibya,
wus sanega karsa mukul ing Medayin, sampun ngundhangi wadya.

– Yen suwawi ing karsa Jeng Aji, leheng inggih kinaruhuna,
ginitik pisan kuthane, yen tan makaten ulun,
yekti ndadra tan riringeki, mantun uningeng tuan,
satemahan mungsuh, lamun kongsi lumuruga,
pun Lamdahur angrisak kitheng Medayin, yekti kang para raja.

– Mantun ngidep ing nagri Medayin, pasti dhateng Serandil sadaya,
para ratu pangidhepe, gentyani pinisepuh,
surasane surat wus titi, ingkang mengku nagara,
Medayin angrungu, sadaya keter kang manah,
dening myarsa pikuate Nateng Srandil, prawira widigdaya.

– Sugih jajahan para narpati, Sri Lamdahur abala bacingah,
abang putih ireng duwe, kang ireng balanipun,
wong Brenggala lan wong Surati, dening bala kang pethak,
Prasman lan Selangur, Sepanyol, Prancis Maldewa,
kang wadya bang apan iya wong Serandil, wonge abang sadaya.

– Aluwaran denira tinangkil, langkung dening prihatin Sang Nata,
Bestak ingandikan age, malebeng jro kadhatun,
prapta ngabyantara Narpati, Sri Bathara ngandika,
kaya pa budimu, si Lamdahur aprakosa,
nora kena yen sepiya ing pamikir, nekani jeneng ingwang.

– Iya sapa yogyane tinuding, amukula Serandil nagara,
Rekyana Patih ature, inggih gusti pukulun,
pun Kistaham lamun suwawi, pan balane sayuta,
dening pun Lamdahur, maksih pongah dereng wignya,

pun Kistaham sampun utama ing wegig, waged alampah cidra.

– Pun Kistaham sengadiya nenggih, kesah saking Paduka Bathara,
dening asanget merange, paduka amelahur,
santri Ngarab kang lagya prapti, yekti kandel ujarnya,
dhateng pun Lamdahur, anunten pun Jayengrana,
tinimbalan kinen anggitik Serandil, sayektinipun Kistaham.

– Wuwuh pracaya nateng Serandil, dening tandha pun Jayengalaga,
nedya nututi lampahe, amrih ing patinipun,
pun Lamdahur pesthi ngukuhi, awegig pun Kistaham,
sumawita nungkul, anunten dipun racuna,
pun Lamdahur maksih bocah pesthi kenging, sirna satru paduka.

– Pun Lamdahur sampun angemasi, dera Kistaham nunten pun Ambyah,
dipun serandua age, yen Ambyah sampun lebur,
boten wonten mengsah Sang Aji, keplok bokong Ki Bestak,
tur sarwi angguguk, ngrasa bener rekanira,
angandika Sri Bathara Nyakrawati, yen Ambyah sun undanga.

– Yen angrungu si Kistaham dingin, yekti mangsa kena sinirepa,
si Kistaham ing lakune, pathi si Jayengpupuh,
samangsane ingong timbali, iya gaweku apa,
ngandikan Sang Prabu, yen kinon mbedhah nagara,
dening uwis ana kang tinuduh dhimin, iya hasilku apa.

– Pan mangkono pasthi Jayengmurti, Patih Bestak malih aturira,
Gusti makaten sarate, pun Kistaham rumuhun,
jinatenan rasa puniki, nunten tuan miyosa,
siniweng wadya gung, amiraga rerembagan,
animbali ing Kalana Jayengmurti, Kistaham miyarsaa.

– Nunten paduka prentahi malih, makatena ature Kistaham,
de ragi sakit manahe, paduka sang aprabu,
maksih ngela-ela pun Amir, kawula tanpa karya,
neng nagri Medayun, pun Ambyah sampun culika,
parandene pinilala dentimbali, paduka pi-apiya.

– Andukani sarwi anudingi, heh Kistaham mingggata kaparat,
apa gawemu neng kene, mangsa pedaha ingun,
saok misiha si Jayengmurti, Kistaham nunten kesah,
koningan wadya gung, pasthi rapet tan arenggang,
kadi boten Ambyah anyakreng ing budi, kesahipun Kistaham.

– Kathah amirsa tuan dukani, yata mesem Sang Prabu lingira,
lamun si Ambyah marene, paran timbalan ingsun,
Patih Bestak matur wotsari, makaten padukendra,
heh, Sang Jayengpupuh, mulane sira sun undang,
ingsun kinen ambedhah nagri Serandil, yen kajodhi ing sira.

– Lamun sira angaturna benjing, ing murdane Lamdahur ing benjang,
Nini Putri ganjarane, mendah si sutaningsun,
pun Kalana Jayadimurti, mangsa wandeya pejah,
denira Lamdahur, nadyan Ambyah tan pejaha,
de Lamdahur kistaham waged ngakali, yen sampun dhateng teba.

– Patih Bestak pan sampun wineling, anjateni mring raja Kistaham,
wus medal saking purane, Kistaham prapta sampun,
tinimbalan marang apatih, nulya apaguneman,
sadalu anutug, aneng dalem kapatihan,
katanggapan pitungkase Sri Bupati, pan uwus pinaringan.

– Kuneng dalu kawarnaa enjing, Sri Nusirwan miyos siniwaka,
supenuh para natander, satriya punggawa gung,
Betaljemur wus munggeng keri, Sang Nata angandika,

Bapa Betaljemur, kaya paran budinira,
si Lamdahur arsa anggecek Madayin, malah ta wus sanega.

– Yen becike linurugan dhingin, angur nekanana ywa tinekan,
sapa kang tinuduh kiye, apa si Jayengpupuh,
apa gelem ingsun timbali, manira kon ngluruga,
amrep si Lamdahur, yen si Ambyah anyangkinga,
ing murdane Lamdahur ginanjar putri, iya Nini Muninggar.

– Betaljemur matur ing narpati, dipun pasthi sabda padukendra,
kadi sanggup samangsane, sampun ta sirahipun,
nadyan tekan badane benjing, katur ing Jeng Paduka,
kawula pukulun, kang kumandel ing pun Ambyah,
dimen purun seba ing paduka malih, Sang Nata angandika.

– Iya bapa undangen den aglis, Raja Kistaham sugal turira,
dhuh patik bra kalingane, pan masih amilalu,
inggih dhateng pun Jayengmurti, kawula tanpa karya,
neng nagri Medayun, samanten dosanya Ambyah,
parandene arsa tinariman putri, Sang Nata apiduka.

– Andikbang netra sarwi nudingi, heh wong edan minggata kaparat,
neng kene apa gawene, kaya cacak warnamu,
sakethiya pan ingsun olih, sok ingsun abecika,
lan si Jayengpupuh, Raja Kistaham dya kesah,
saha bala prawira saking Medayin, mbekta bala sayuta.

– Betaljemur sigra anunulis, muni sarta timbalane nata,
sigra umesat dutane, kebat lampahira wus,
prapteng pasanggrahanira Mir, kang duta atur surrat,
tinampanan sampun, binuka simukneng driya,
wus kadhadha bubukane punang tulis, mesem sang kakung ningrat.

– Angundhangi sagunge narpati, samya kinen siyaga sadaya,
seba tinimbalan maneh, marang kitha Medayun,

samya enggar sagunge dasih, mulat ing gustinira,
kinireng tyas lipur, budhal sagunge gagaman,
tan kawarna prapteng jawi kitha nenggih, Sang Nata amiyarsa.

– Nulya methuk saha bala mijil, Sri Narendra tedhak saking liman,
Sang Jayengrana nulya ge, lumajeng awot santun,
ngestu pada cinandhak aglis, ingaras kang lungayan,
ngandika Sang Prabu, payo nitiha turangga,
Sri Bathara pan sampun anitih esthi, budhal marang jro kitha.

– Sapraptane munggeng pancaniti, para ratu wus samya alenggah,
satriya kang punggawander, myang Raden Jayeng kewuh,
sampun munggeng ing palowani, medal kang pupundhutan,
myang boga lumintu, munya kang gendhing araras,
abujana larih mider kaping kalih, sigra Kya Patih Bestak.

– Maos serat kang saking Serandil, amiraga amirungu Ambyah,
madeg asora sabdane, putus pamaosipun,
Sri Nusirwan ngandika aris, heh Bestak kaya paran,
sapa kang ngong tuduh, amukul nagara Selan,
Kyana Patih Bestak sigra awot sari, nuwun Patik Bathara.

– Sapa sinten ingutusa Gusti, pun Kistaham ujar sampun minggat,
kadi ta sanget wirange, dhateng putra pukulun,
kangjeng angger tuan timbali, rumaos badanira,
boten kapaelu, inggih wontena saleksa,
pun Kistaham menggah tresna Paduka Ji, samiya lan satunggal.

– Yogya putra dalem Puserbumi, angandika Sri Maha Bathara,
heh patih iya iyane, dudu titimbangipun,
pan Kistaham punika abdi, sutengong Jayengrana,
prasasat rohingsun, sanadyan ana sayuta,

si Kistaham endah apa iya patih, dudu timbangan Ambyah.

– Bagendha mByah miyarsa wot sari, langkung nuwun sih kalinlintuan,
Sang Nata pangandikane, paran patih budimu,
alon matur Rekyana Patih, langkung karsa patik bra,
pae duk karuhun, samaksihe pun Kistaham,
kang nadhahi bot repot paduka Aji, Wong Menak awacana.

– Lah Ki Patih paran lingireki, ora nana iya si Kistaham,
ingsun dadi lilirune, endi ta kang barenjul,
ing Serandil ingsun kang nggitik, yen ana pangandika,
iya Sanga Prabu, Sri Bathara angandika,
heh sakehe punggawa lan para mantri, tuwin para satriya.

– Padha sesenana ujar mami, yen si Ambyah besuk ngaturena,
Raja Lamdahur murdane, ngong panggihaken besuk,
lan sutengsun Ni Muninggar rim, yenora kalakona,
aywa manggih ayu, ing jenengingsun narendra,
Betaljemur sigra tedhak saking kursi, anyandhak astanira.

– Jeyengrana sinujudken aglis, ing buntala ngarsa Naradipa,
wadya Ngarab osik kabeh punggawa para ratu,
bungah ing tyas marwata siw anyana gustinira,
mari brangta wuyung, tan etang mungsuh awendran,
amundhuta rubuhe Gunung Seradil, wong Ngarab tan suminggah.

– Langkung suka tyas Sang Jayengmurti, nyipta tutulus kageme Sang Retna, Ki Umarmaya polahe, lenggak-lengguk macucu,
angeleter ambeksa rangin, saking sru sukeng driya,
angling Jayèngpupuh, yayi mas ing Tambakemas,
padha sira ngingon-ingonana dasih, myang sagung para nata.

– Pinaringan sangu Sang Narpati, winarata kanggo ing sawarsa,
Sang Nata malih welinge, mangkata besuk-esuk,
tur sandika Sang Jayengmurti, jengkar Sang Sri ngadhatyan,

Raden Jayengpupuh, makuwon sawadyanira,
tan antara Raden Wahas sigra prapti, ingutus de Kang Rama.

– Angaturi Sang Wira dimurti, wong kakalih lawan Raden Maktal,
aywa mbekta bala akeh, kerid ing lampahipun,
tan adangu pijajar prapti, kakalih munggeng ngarsa,
nira Betaljemur, anulya lajeng dhaharan,
Jayengrana cinidra ing darubesi, niba lajeng kantaka.

– Dyan binelok baunipun keri, pinanjingan ratune penawa,
ingusap waras tatune, ngandika Betaljemur,
heh ki putra ing Alabani, aywa sira wawarah,
ing kakangireku, miwah marang ing wong kathah,
amung sira bae den prayitna kaki, rumeksa kakangira.

– Besuk kena racun neng Serandil, lamun ana wisa kang tumama,
sira wetokena age, Raden Maktal wot santun,
sanalika den panawani, lenga wijen lan jeram,
pecel nulya wungu, Betaljemur malih ngucap,
wanti-wanti wau dennya amemeling, poma den eling sira.

– Sapolahe kakangira benjing, Betaljemur ngandika mring Ambyah,
poma suteng ulun angger, den prayitna neng kewuh,
arinira ing Alabani, ywa sira sungi pisah,
aneng tembe besuk, yen pisaha sira tiwas,
pasthining Hyang dadi kanthinira kaki, rat ing Rab pramudita.

– Nembah lengser satriya kakalih, tan kawarneng dalu polahira,
enjing samekta balane, neteg tengara umyung,
budhal wadya panganjur jurit, jumujug panangkilan,
baris ngalun-alin, nganti wijile Sang Nata,
pamit ngujung Wong Agung Wiradimurti, marma nganti Sri Nata.

IV. SANG AMIR BIDHAL ANGLURUGI LAMDAHUR

SINOM

– Warnanen kusumeng pura, enjing pinarak petani,
emban Selaga tur sembah, kawula miyarsa warti,
satriya Jayengmurti, ingandikan wingi rawuh,
milane tinimbalan, wonten mengsah badhe prapti,
ratu Selan ingkang abala bacingah.

– Jujulukipun narendra, Lamdahur ageng tur inggil,
dedeg satus sedasa gas, gadane ngebat-ebati,
wrat sewu satus kati, katimas wong tigang atus,
angangkat boten obah, ingundha muluk wiyati,
milanipun aketer rama paduka.

– Satriya Anjayenglaga, kinen lumurug Serandil,
Ebang-ebange Sang Nata, yen bedhah kita Serandil,
nuli ginanjar putri, pan Kalana Jayengsatru,
kang kocap jrening ebang, pan inggih paduka gusti,
kusumeng Dyah gumujeng asuka-suka.

– Kapan angkate ki besan, anglurug marang Serandil,
emban Selaga tur sembah, inggih ing dinten puniki,
biyang metua aglis, nanging anamura laku,
pipikule wong Ngarab, gamel tan api serati,
edumana wong sijine nyerupiyah.

– Emban Selaga wus medal, ambekta reyal sakethi,
anggili medal butulan, para cethi angusungi,
sadaya wus binagi, marang sagunge pipikul,
mangkana Sri Nusirwan, miyos munggeng pancaniti,
amanggihi angkate kang budhal ing prang.

– Saksana Sang Jayenglaga, manembah ngaras pada Ji,
ngrangkul suku delamakan, tuan kantuna lestari,
patik bra nuwun pamit, antuka pangestu ulun,
ingaras kang lungayan, ngandika Sri Narapati,
wus mangkata muga rahayu ing paran.

– Ki Umarmaya tur sembah, marang prabu Nyakrawati,
pukulun tuan kantuna, wibawa awet siniwi,
muga tulusa gusti, nggening dadya marasepuh,
ing gusti kakung ing rat, mundur sarwi asisirig,
Patih Bestak gumuyu atutup karna.

– Sarwi ngucap mengo ngiwa, dening asuka si belis,
pira bara yen muliha, pasthi tumpes neng Serandil,
bedhat tengara muni, budhal bala kang panganjur,
anglir prawata puspa, gumuruh wong Puserbumi,
asri tinon kang bala apangkat-pangkat.

– Ginelak lampahing bala, jawine kitha wus prapti,
anglir samodra kinocak, unutbe wong Puser bumi,
kadya wun-awun geni, maleduk lir ardi kapuk,
katrajang ing prahara, tunggul ndaludag tulya sri,
mawur-mawur wadya gung rebut dadalan.

– Sadina-dina lumampah, lerep kalanipun latri,
pan sampun samadya candra, lampahe Sang Jayengmurti,
angambah dhusun sepi, datan wonten wismanipun,
yen rerep samya neba, akale Kistaham nguni,
marmanipun dhusun gung samya rinusak.

– Pamrihe Raja Kistaham, yen langkung Sang Jayengmurti,
singa ingkang kaliwatan, ing balane Jayengmurti,
aywa na den ayubi, amurih musakatipun,
aywa na manggih segah, sagunge kang pra dipati,
myang satriya ing Ngarab samya rarasan.

– Purwaning kang dhusun risak, tan ana wruh wadi ugi,
samya angungun kewala, baris ageng sampun prapti,
muara ing Sergaji, bandar ageng Wirigaluh,
wisma tanpa wilangan, tilase anyar ing sepi,
nggih punika pasisir panjuru palwa.

– Kalangkung ageng kang bandar, bangawan ageng nengahi,
ing kiwa tengening desa, lajeng tinurut manginggil,

lerep Sang Jayengmurti, kalawan sawadyanipun,
langkung kemengan driya, Wong Agung Surayeng bumi,
kaya paran endi enggoning sun nabrang.

-- Dening datan ana palwa, kalawan tan ana janmi,
Sira Raden Tasik waja, kesah ing dhusun pribadi,
sarwi banda asteki, lumampah kalenthung-klenthung,
nurut pinggir sungapan, sunglon kang anjog jaladri,
dyan tinurut manginggil Ki Umarmaya.

– Yun wruh wekasane desa, Wong Agung Umarmayeki,
manggih palwa linuruban, pange kayu den tutuhi,
prasamya den rungkudi, ing larahan miwah rumput,
Dyan Umarmaya minggah, amanggih wong kaki-kaki,
Umarmaya alon denira tatanya.

– Lah kaki rika wong apa, lan omahira ing ngendi,
sumaur kang tinakonan, sun lurah pitueng ngriki,
kabeh bekel lan mami, cacahe wong sangang atus,
bekele kang satunggal, wong satus kang den lurahi,
satus belah iya sun lurah pambelah.

– Andhesek Ki Umarmaya, pitakene amrih ati,
kaki aywa bela tampa, den akeh-akeh sung warti,
ngandela maring mami, manira sedya rahayu,
nora andon pitenah, manira takon sayekti,
melu sapa nagaramu ing nagara.

– Umatur inggih kawula, boya melu ing nagari,
puniki bumi amanca, tumut ing Sang Raja Barik,
nagarine Sergaji, dening bulu bektinipun,
Raja Barik suwita, embane Sang Rajaputri,
tegesipun bumi kaputren punika.

– Ki Umarmaya angucap, pira upetine kaki,
Sang Raja Barik yen kala, tur upeti ing Sang Putri,
inggih nembelas kethi, desa ngong ing Wiringaluh,
dadi tukang pambelah, belah sewu sun lurahi,
mendhorane belah patang ewu ana.

– Kena penumping manira, ing lurah Sang Raja Barik,
patang ewu pendhak warsa, lawan cindhe kawan kodhi,
sabab milu Sang Putri, marma keh pangiringipun,
lawan pajeg pawongan, pajeg pawongan kakalih,
kang anyethi ing Gusti Retna Muninggar.

– Sewu patang atus ana, isine dhukuh sawiji,
kang rong atus telu belah satus ingkang rada cilik,
kang ketel ana isi, patang atus limang atus,
suka Ki Umarmaya, kaki ingsun takon malih,
pamulane desa iki padha rusak.

– Wonge padha teka sonya, kaki buyut anauri,
wit ana wong agung liwat, marang nagara Serandil,
pan inggih boya lami, Raja Kistaham ranipun,
bala kehe sayuta, punika sami ngobongi,
Umarmaya angungun duk amiyarsa.

– Kaki sun weca ing sira, gagaman kang prapta iki,
bakal mantu Sri Bathara, satriya ing Puserbumi,
Wong Menak Jayengmurti, ing Kalana Jayengpupuh,
ingutus ing Sang Nata, ayun nabrang ing Serandil,
pan kaweken dene nora ana palwa.

– Apa kaki sira bisa, ngundhangi baturireki,
kang padha ngili mring wana, kaki Wirigaluh angling,
nggih bisa pisan kami, wong kabeh sakareping sun,
wit ning ingsun kalintang, gegetun tuturireki,
sing koiring pacangane gustining wang.

– Lah mara sun sabrangena, Ki kalana Jayengmurti,
wus lami nggen sun miyarsa, nanging ta dereng udani,
kasubing rat sabumi, prawira digdayeng ripu,
ambeke santa budya, apalamarta ing dasih,
alah iya sireku saparanira.

– Angucap sun Umarmaya, Buyut Wirigaluh angling,
ing kene antinen ingwang, sadhela ingsun marani,

ing anak putu mami, linggar sakala Ki Buyut,
maring alas wus prapta, batur kabeh den undhangi,
sangang atus pisan sami mbekta welah.

– Kemudi tan api layar, sentolone datan kari,
wong sangang atus kepala, ambekta bekakas sami,
gumerah samya prapti, enggene Umarmayeku,
suka ing tyas marwata, binekta seba tan aris,
samya kaget duk prapta ngarsane Ambyah.

– Belah sakepalanira, ing ngarsane Jayengmurti,
Buyut Wirigaluh nembah, angraup padanira Mir,
anulya pinisalin, Ki Buyut saanakipun,
myang sagung bebekalan, ngandika Wiradimurti,
lah mulane desa iki padha rusak.

– Ki wirigaluh tur sembah, wonten wong agung Medayin,
anama Raja Kistaham, langkung badhe ing Serandil.
samarga njajarahi, ngobong-obong dhusun agung,
Wong Menak ngartikeng tyas, ngungun sareng amiyarsi,
kaya ngapa kersane Sri Nara Nata.

– Dening wadi si Kistaham, Wong Menak ngandika malih,
kaki apa sira bisa, ngupayakna palwa mami,
kang badhe sun titihi, kalawan sabalaningsun,
Ki Buyut aturira, palwa sadaya pan maksih,
nanging samya binutul kinelem samya.

– Duk langkungipun Kistaham, anak putu samya ajrih,
mbok manawi ingaradan, binekta marang Serandil,
mboten suka ing ati, ngladeni wong agung bingung,
nulya asmi ingatag, silulup ing jro jaldri,
kang baita sadaya binekta ngambang.

– Sami kinuras sadaya, baita kang den doboli,
kang sarta binaresihan, kang palwa den busanani,
cacahe winiwatis, ana palwa sangang atus,
sabekel sabaita, malah ngerig palwa malih,
langkung suka tyasira Sang Kakung ing Rat.

– Sigra sami pinaringan, arta lan busana sami,
wos balanja pinaringan, busana sami binagi,
samya bungah kang ati, sakehe wong Wirigaluh,
iki rane satriya, belaba alus ing budi,
nora wingwang kinanthiya ing narenda.

V. SANG AMIR SAWADYANIPUN SAMI RINIDHU ING HANTU

KINANTHI

– Matur Buyut Wirigaluh, punapa karsa Jeng Gusti,
baita sampun samekta, bekakase wus miranti,
inggih kawula mrih marga, kang enggal prapteng Serandil.

– Pun Kistaham kang rumuhun, kadi wus kawan dasa ri,
pasthi yen enggal paduka, praptane nagri Serandil,
kados punika kasasar, kalangkung ewed kang margi.

– Kang palwa binagi sampun, marang sagunging narpati,
saha amomot gagaman, saprabote ing ngajurit,
miwah sagunge wahana, den mot ing baita sami.

– Kakandha lalayu tunggul, ndaludag tan ana kari,
tuwin kang tabah-tabijhan, sowang-sowang winot sami,
sigra atengara numpak, saguñg kang para narpati.

– Tan ana anggawa batur, mung panakawannya tunggil,
dening ta Sang Jayengrana, mung mbekta kendhang saruni,
lan ejam ingkang atengga, ginilirken para aji.

– Papadon Ki Wirigaluh, tan pisah lan Jayengmurti,
dening palwa kathah-kathah, punggawa kang anitihi,
marang prajurit sadaya, kang palwa awarni-warni.

– Ngidul ngetan lampahipun, angin barat akras midid,
palwa gung pating balesar, akathah ingkang kaeksi,
remen tyasira tumingal, Kalana Jaya Dimurti.

– Srine palwa kang dumulur, nyimpang kang baita grami,
tigang dalu tigang siang, parah-parah ing Serandil,
samarga-marga atanya, ing tanah sawiji-wiji.

– Wau Buyut Wirigaluh, waskitha tlatah nagari,
palwa anjog Pulo Bayan, pinggire Pulo Maripit,
katingal srine woh-wohan, kali-kali megat ardi.

– Akathah woh-wohanipun, Ki Umarmaya tanya ris,
iki kaki pulo apa, kalawan arane ngendi,
Wirigaluh aturira, ing Pulo Bayan Serani.

– Puniku wingit kalangkung, tan wonten purun nginggahi,
sebab akathah drubiksa, singa kang ngambah bilahi,
samanten sepuh kawula, dereng miyarsa menangi.

– Jalma kang minggah ing ngriku, nakoda-nakoda pundi,
miwah ratu-ratu samya, satriya-satriya pundi,
kawula dereng miyarsa, manungsa kang ngambah ngriki.

– Sang Prabu Marmadi muwus, kayapa mulane kaki,
nora nana wani munggah, manawa wong kompra kaki,
iya ngendi ana lemah, ora kena den anciki.

– Pae mega lawan kuwung, nora kena den anciki,
teja lengkawa lan kilat, parandene ana bangkit,
iya jalma kang utama, kang amengku ing bilahi.

– Nateng Kohkarib umatur, Sang Kalana Jayengmurti,
leheng ta sami nginggahan, eman sinusa puniki,
prasasat kelang-kelangan, yen boten mampira ngriki.

– Woh-wohan mateng sarya gung, sapa sinten kang ambukti,
karya mubadir kewala, Ki Wirigaluh turnya ris,
kawula pemut kewala, manawi keh sangga-runggi.

– Ing ngriki kathah pakewuh, ing Nusa Bayanserani,
ewa makaten sakarsa, sok sampuna angaturi,
Prabu Marmadi ameksa, Wong Menak teka nuruti.

– Mentas saking ing perahu, Kalana Jaya Dimurti,
kalawan kang para nata, kang sawidak lan kakalih,
dene baturnya nyatunggal, tinilar baita sami.

– Sapraptanira ing luhur, manusa para narpati,
mulat woh-wohan nggelasah, kang toya mawur awening,
lajeng prasamya asiram, rame kasukan jro warih.

– Warnanen ratune hantu, ingkang ngreh sakehing eblis,
ngedhaton ing Pulo Bayan, kabeh lembut ing jaladri,
ngidhep Prabu Juwalpayal, bala lembut tanpa wilis.

– Sakehe kang sabeng laut, kang samya karya panyakit,
rumab abuh tanpa sangkan, puyeng leng-lenglet kumigil,
watuk dhenggleng bingung buyan, sawarnine kang sasakit.

– Yen ing palwa kabeh lampus, nakoda myang jurumudi,
balane Sang Juwalpayal, kang nggodha anggung nyeredi,
yen wus wirutameng tingal, patine manjing Serani.

– Yen wirutameng ing dunung, pagene keneng Serani,
umadeg sasukanira, pira kuwasane eblis,
tegese jalma utama, bisa lebur bisa dadi.

– Mangkana pareng andulu, wau sang ratune eblis,
tan paingan dukanira, pulone kambah ing jalmi,
lah wong ngendi iki baya, wani ngambah nusa mami.

– Baya rep suwita mring sun, apa nora tuku warti,
saksana sira ngatingal, mangkruk-mangkruk aneng uwit,
lunggweng pang alingkrang-lingkrang, arupa wong kaki-kaki.

– Wong Menak neng ngisoripun, lagya dhahar wohe manggis,
satelasipun tumenga, karsane amundhut malih,
kagyat andulu wong tuwa, mangkruk-mangkruk aneng uwit.

– Wong Menak kagyat tanya sru, e, kaki wismamu ngendi,
lah ta apa karyanira, sira neng kene pribadi,
amenek luhuring wreksa, tanpa rowang sun tingali.

– Juwalpayal tan sumaur, saksana lumumpat aglis,
ing pundhakira Wong Menak, aprenah denira linggih,
suku lemes lir uritan, amblebed anggane Amir.

– Wong Menak hebat angungun, winengkang-wengkang tan keni,
marang anggone para nata, sedayane akon nulungi,
kang para nata tumingal, samya giris aningali.

– Wasana samya gumuyu, mulat ing solahireki,
sampun karakut sadaya, ratu siji hantu siji,
pinulet tan bisa mengkang, narendra sawidak kalih.

– Prasamya guyu-ginuyu, hantu samya ambitheni,
anjotos, njambak anepak, Umarmaya matu aris,
inggih bilahi punika, margi saking Umarmadi.

– Kaparentah wadhukipun, ningali woh-wohan ndadi,
ngolot-olot ngajak minggah, mangke ta manggih bilahi,
Wong Menak alon ngandika, apa dera ucap maning.

– Pan wus pasthine Hyang Agung, bilahi lara lan pati,
mangsa kenaa suminggah, kendel Marmaya angling,
hantune kang aneng pundhak, nuli binekta sisirig.

– Agung malumpat malecut, hantune bungah tan sipi,
wasana Marmaya ngucap, hantune kang den warahi,
payo jaken sasanderan, hantu kang munggeng Marmadi.

– Marang nggone Marmadyeku, hantune Marmaya angling,
mara payo sasanderan, tungganganku iki cilik,
tungganganmu ambalendhang, hantune Marmadi angling.

– Mara sanderna rumuhun, mengko ingsun kang nututi,
sigra Marmaya angerap, Umarmadi anututi,
hantune kang linggih pundhak, anaboki ambitheni.

– Ala gawene si busung, dening Umarmaya cilik,
teka nora bisa nyandhak, neng pundhak sarwi njotosi,
asru jinambak tinepak, Umarmadi mrebes mili.

– Sakehe kang para ratu, tinantang tan ana wani,
mring hantune Umarmaya, anggung binekta sisirig,
suka kang samya tumingal, tigang dina tigang ratri.

– Kapulet sukune hantu, mangan turu maksih kancing,
alemes lir tali tampar, dupi hantu catur ari,
Ki Umarmaya tumingal, woh anggur kang tibeng siti.

– Uwohe pating parentul, pangucape amlas asih,
hantune leren sadhela, sun arsa mangan woh iki,
dimene gancang lumaywa, hantune sugal nauri.

– Dening iku isi banyu, ampuh akebat lumaris,
iya kang muruki sapa, Umarmaya angling aris,
marma sun kebat lumaywa, wit mangan woh-wohan iki.

– Hantune teka anurut, ing karsane Marmayeki,
amangan woh anggur tiba, malah hantu milya bukti,
limang dhompol antukira, mendem hantu kang nunggangi.

– Kemba ing pamuletipun, sigra Ki Umarmaya glis,
sukune hantu cinandhak, sinendhal asru binanting,
maledug kang hantu sirna, mring Wong Menak prapta aglis.

– Lah suwawi ta pukulun, kula pecate sang eblis,
Wong Agung alon angucap, lah ta mengko kakang dhingin,
ika kabeh sanakira, padha uculana dhingin.

– Mengko kari bae ingsun, kang mulet Sang Jayengmurti,
Umarmaya prapteng ngarsa, suwawi kula uculi,
ngandika Sang Kakung ing Rat, heh mengko menenga dhimin.

– Sigra Raden Jayengpupuh, hantu sinendhal pribadi,
pan sarwi densempal-sempal, sigra binanting ing siti,
maledug sumyar malesat, ana kang tiba jaladri.

– Ana kang katut ing lesus, rah nyemburat anggebrasi,
sawarnine gegodhongan, punika purwane nguni,
usule kang murweng kanda, sakehe kang nggagateli.

– Kadadosan erahipun, dene kang tibeng jaladri,
iya dadi hantu toya, ana dadi hantu geni,
mangkana Sang Kakung ing Rat, wus luwar saking bilahi.

– Lan sawadya para ratu, anulya sami mring kali,
samya adus akuramas, amasuh busana sami,
manggung dennya sumyak-sumyak, tontonen solahing nguni.

– Sawusira sami adus, meme busanane sami,
lajeng amendhet woh-wohan, kinarya sangune margi,
lan amot banyu kang tawa, winot baita umijil.

VI. UMARMAYA NGIMPI NYUWUN KASEKTEN DHATENG PARA NABI

MIJIL

– Wiringaluh hebat aningali, mring Jayeng palugon,
salamine asanget angkere, iya ing Pulo Bayan Serani,
nora nana wani, angambah ing ngriku.

– Panggah ing yuda kalis ing eblis, Juwalpayal kawon,
sirna lebur lawan sabalane, dadya kang Pulo Bayan Serani,
mari dennya singit, matur Wirigaluh.

– Suwawi angger numpak tumuli, Wong Menak wus anjog,
Samya numpak para ratu kabeh, dadya babar layar dyan lumaris,
baita umilir, anengah neng laut.

– Lepas lampahira kala latri, lamat-lamat katon,
ardi ageng angantheng ujunge, angandika Menak Jayengmurti,
kaki gunung ngendi, ingkang katon iku.

– Punika ngger wukir ing Serandil, ing mangke anotog,
lampah dalem amedal ngandhape, tan adangu prapta amaripit,
sapinggiring ardi, Wirigaluh matur.

– Nggih punika sanginggiling wukir, sela geng kinaot,
inggih tapak Adam kamulane, pra nakoda kang langkung ing ngriki,
miwah para aji, pan sami angujung.

– Angandika Raden Jayengmurti, ampirena ingong,
ingsun iki niyat ngujung kiye, sigra labuh palwa tan lumaris,
palwa kabeh sami, labuh jangkaripun.

– Nulya medhun saking palwa gipih, sagung para katong,
sabalane Wong Menak rowange, samya tumut ngujung,
dhateng wukir,
wus prapta ing nginggil, Wong Menak angujung.

– Nulya para nata ngujung sami, sadaya wot sinom,
genti-genti wau pangujunge, tan antara kasaput ing wengi,
samya mudhun sami, Umarmaya kantun.

– Pan dadagan neng sela geng guling, dalu lingsir kulon,
Umarmaya pan lagi asare, asupena langit bedhah nuli,
pelangkan nedhaki, sakawan kehipun.

– Jroning pangimpen Umarmayeki, mara atatakon,
sapa sinten kang prapta marene, kang palangkan siji anauri,
ingsun iki Nabi, Adam duk karuhun.

– Umarmaya nulya anyekeli, ing sukune alon,
nembah ngaras pada lon ature, Bapa Adam Nabining Hyang Widi,
kawula minta sih, pusaka pukulun.

– Nabi Adam alon ngandika ris, iya putuning ngong,
masiyati marang sira kiye, ana kakandhining sun anenggih,
ambilen tumuli, gumantung ing kayu.

– Akeh isine ing jro kakandhi, barang kareping wong,
pasthi ana jro kakasang kabeh, apan isi sakalir kumelip,
tan towang sahari, ing karsanireku.

– Jempolira panjingna den pidih, pan nulu mberobol,

barang senengira metu dhewe, apa isine jagad dumadi,
aneng jro kakandhi, poma wekasing sun.

– Nulya ngalih Marmaya marani, palangkan kapindho,
nyekel suku tanya lon ature, sapa sinten paduka puniki,
yata ngandika ris, Nabi Brahim ingsun.

– Sigra nembah Ki Umarmayeki, sarwi matur alon,
iya nabi kang mulya wiyose, pan agama tuan ingkang maksih,
kang amba lampahi, kang kawula tinut.

– Lawan wayah paduka pun Amir, ingkang kawula mong,
mila amba anuwun kasekten, angandika Jeng Nabi Ibrahim,
sira sun paringi, akebat lumayu.

– Angluwihi kebatira dhingin, iya ing lalakon,
patang dina prapta satengange, lan maninge sira sun paringi,
wruh basa sapalih, ngalam donya iku.

– Basa limang atus kalih desi, peken kang saparo,
kalih atus sawidak cacahe, iku sira bisa angawruhi,
anjurubasani, sawidak rong atus.

– Apan sira besuk atut wuri, sapara lungandon,
wruh nagara ingkang akeh-akeh, ingkang liyan-liyan bangsa benjing,
nulya mara malih, palangkan katelu.

– Umarmaya nyandhak suku malih, nembah matur alon,
sinten tuan punika arane, Nabi Iskak angandika aris,
ingsun iki Nabi, Iskak araning sun.

– Umarmaya aturira aris, heh nabi kinaot,
pan kawula anuwun kasekten, Nabi Iskak angandika aris,
sira sun paringi, malih warnanipun.

– Arupa awarna-warna bangkit, dhengkak buncu cebol,
wandhan bajang walik lawan bule, miwah jajaka lan kaki-kaki,
rupa wadon bangkit, sabarang karepmu.

– Arupaa isine jaladri, miwah isining rong,
barang rupa sira bisa kabeh, sigra Marmaya marani malih,
kang pelangkan nenggih, kang sakawanipun.

– Umarmaya nyandhak suku malih, anembah turnya lon,
sinten tuan punika arane, Nabi Sleman angandika aris,
iya ingsun Nabi, Suleman ranipun.

– Umarmaya nembah matur aris, heh nabi kinaot,
mila amba asipeng wukire, nenggih ningali gedhong puniki,
kebek retna adi, kapengin kalangkung.

– Nabi Sleman angandika aris, berana sagedhong,
lah ambilen ingsun wenehake, apan uwis rijekinireki,
kagyat nulya tangi, Marmaya angungun.

– Angganira umrek gandanya mrik, Marmaya angraos,
lamun penet wau ing impene, Sigra medal Marmaya ngulati,
kakasang kapanggih, neng ngepang gumandhul.

– Nulya jinajal den jajaluki, pinidih ing jempol,
metu barang kang den karepake, Umarmaya suka tan sinipi,
gantya kang winarni, Menak Jayengpupuh.

– Mijiling Hyang Arka minggah malih, lawan para katong,
miwah juru samya ndherekake, minggah luhur Wong Menak rumiyin,
Marmaya kawarni, malih rupa sepuh.

– Kaki-kaki ambekan amengi, ngukruk untu ompong,
kuru aking gumigil watuke, dyan Wong Menak prapta aneng nginggil,
kagyat aningali, kaki-kaki ngukruk.

– Tinakonan kaki sira uning, ing kene ana wong,
Umarmaya mathesel dedege, ireng manis rambute berintik,
anginep ing ngriki, Ki Tua sumaur.

– Boten wonten ing ngriki wong malih, saliya saking ngong,
rada maras ing tyas mbok matine, Umarmaya salin warna ma-

lih,
Wong Menak ningali, suka ngandika rum.

– Antukira kasakten ing ngendi, gelar amengkono,
sampun matur samula bukane, Jayengmurti sukane tan sipi,
sukur ing Hyang Widi, sareng brangtanipun.

VII. LAMPAHIPUN SANG AMIR DUMUGI ING PALABUHANIPUN NAGARI SERANDIL, LAJENG PERANG KALIYAN INGKANG JAGI

ASMARANDANA

– Umarmaya matur aris, paduka kendel kewala,
kula salin warna maleh, kajenge pangling Marmadya,
sigra amalih warna, sepuh sakit kadya wau,
neng ngarsane Jayengrana.

– Nulya prapta kang para Ji, ing ngarsanira Wong Menak,
Umarmadya pan tatakon, lan pundi pun Umarmaya,
ngandika Jayengrana, sun ulati tan ketemu,
kari-kari oleh papa.

– Lah iku kang ngukruk mengi, ngungun kang samya tumingal,
sagunge kang para katong, andongong Ki Umarmadya,
asru denira ngucap, lah iku kang sira temu,
datan kena ginadanan.

– Akedah-kedah sireki, ing atimu kang tan kaprah,
kudu anginep ing kene, lah ta mengko karepira,
nemu papa cintraka, rupamu mengi angukruk,
wis lebar wong nora kalap.

– Ngrubung kang para narpati, prasamya awlas tumingal,
dening tuwa keh larane, mengi watuk janggut nyenthang,
kari lunglit kewala, ambekane melar mingkup,
umbele adeleweran.

– Tan betah rinubung sami, karya prihatin akathah,
kaki tuwa lunga senthot, wus mulih rupa Marmaya,
tuhu jajaka tuwa, wangsul ing nggenipun wau,
gawok ingkang para raja.

– Suka sadaya ningali, Ki Umarmadi atanya,
lah apa olehmu kuwe, kanthong gumandhul ing pundhak,
angling Ki Umarmaya, iki juru masak ingsun,
ing jro akeh wong bebethak.

– Nateng Kohkarib lingnya ris, mara sira wetokena,
kakandhimu wasiyate, kandhuri lan papanganan,
Wong Agung Tasikwaja, amidih jejempolipun,
mbarubul ajejodhangan.

– Medal saking jro kakandhi, dhadhaharan warna-warna,
suka sagung para katong, saksana samya dhaharan,
lan sagung para nata, sira Menak Jayengsatru,
ingkang sampun jinarwanan.

– Gedhong binuka tumuli, barana awarna-warna,
tanpa wilangan kathahe, saksana binekta medal,
gawok ingkang tumingal, tinumpuk angundhung-undhung,
sosotya awarna-warna.

– Sampun winot ing kakandhi, sakehe kang rajabrana,
langkung ngungun sadayane, Juruwukir pinaringan,
kira-kira saleksa, sigra denira tumurun,
Wong Menak lan para raja.

– Numpak ing baita sami, bedhol jangkar babar layar,
kang palwa lepas lampahe, kalih ari neng lautan,
katon ujung tampingan, prapteng muara Tagelur,
kang baita labuh jangkar.

– Marmaya medhun ndhingini, punika lurah sah bandar,
kang makuwon aneng kono, ngerehken sagung muara,
Keling pase lan Kosa, ingkang samya bandar agung,
kang parentah ing Buhartal.

– Ing Tagelur den enggeni, Buhartal iku punggawa,
pan limang ewu balane, nanging punggawa sah bandar,
kalangkung apracaya, marang Sang Prabu Lamdahur,
Burtahal gagah prakosa.

– Anggenggeng pinggir pasisir, pabeyanira Buhartal,
sinung wisma gedhe-gedhe, ingkang minangka paseban,
yen kala mupu beya, kapalane kang atunggu,
aran Ki Tambi Sabingah.

– Tambi Sabingah ningali, yen ana baita prapta,
ingkang ndhingini entase, Umarmaya tinakonan,
sira iki bageya, palwa teka ngendi iku,
lan sapa nakodanira.

– Ing kene nginanga adhi, mengko bae bebeyaa,
medheng ambekanmu rereh, suka Ki Tambi Sabingah,
ningali Umarmaya, dening solahe kayungyun,
wus linggih Ki Umarmaya.

– Ingsun dudu palwa grami, iki palwane satriya,
saking Medayin sangkane, iya namane satriya,
Menak Papakuning Rat, iku mantune Sang Prabu,
ingutus dening kang rama.

– Sri Bathara Nyakrawati, iya kinen andon aprang,
amerep ratumu kene, anjumbul Tambi Sabingah,
nulya wau karingal, kang mentas saking ing prau,
Wong Menak lan para nata.

– Ingkang sawidak kakalih, sakapraboning ayuda,
kabeh ratu anom-anom, tur samya ratu jajaka,
dereng wonten akrama, prapteng pabeyan alungguh,
Wong Menak ing bale tengah.

– Kinubeng para narpati, ngayap munggeng keri kanan,
samya wak supata bae, cacahe amung sawidak,
gumuyu Ki Sabingah, sarwi alok ana mungsuh,
geger wisma kabandaran.

– Tambi Sabingah wus prapti, ing ngarsanira Buhartal,
matur yen mengsah praptane, saking Medayin satriya,
ngandika Ki Buhartal, pira gagamaning mungsuh,
kang arsa mukul ing Selan.

– Wau kang sampun alinggih, kang dereng prapta wikana,
kadi seket watawise, Buhartal sigra tengara,
bendhe ngungkung tinembang, wus kumpul wong limang ewu
budhal marang ing pabeyan.

– Nulya ingabanan prapti, Wong Menak sampun prayitna,
Ki Umarmaya kinengken, mapag balane Buhartal,
wus majeng cikrak-cikrak, kirig-kirig manthuk-manthuk,
Buhatal bramatya ngatag.

– Marang prajurite sami, anama Tambi Balukar,
cekelen wong edan kiye, gawanen ing ngarsaning wang,
ingsun arsa tatanya, Tambi Balukar umagut,
panggih lawan Umarmaya.

– Tambi Balukar sru angling, heh wong iku soso edan,
rupamu lucu mathengsel, apa gawenira prapta,
sumaur Tasikwaja, sun arsa nugel gulumu,
Tambi Balukar ruditya.

– Sarepet pedhang tinarik, ingayat pedhang tumiba,
Ki Umarmaya mencolot, angungkuli sirahira,
sigra anarik kanjar, pinagas janggane rampung,
Tambi Balukar pejah.

– Arame denira jurit, Buhartal, malih angatag,
Tambi Malobari rane, lawan Tambi Batobara,
sareng anarik kangkan, Ki Umarmaya mandhuwur,
ana patang puluh asta.

– Apan sarwi anulupi, Malobari Batobara,
karo wus kena matane, lajeng pinanggal lan sela,
kalih sampun palastra, Buhartal duka kalangkung,
tan polih ngudi wongira.

– Mara ngrapaken turanggi, lumayu Ki Umarmaya,
Wong Menak umangsah age, wus panggih ayun-ayunan,
Buhartal aris mojar, wong anom sapa aranmu,
mapagake yudaning wang.

– Dening warnamu apekik, eman matiya dening wang,
Sang Jayengmurti saure, pan ingsun satriya Ngarab,
kagyat sira Buhartal, heh kalingane sireku,
mantune Raja Nusirwan.

– Kang arsa mbedhah Serandil, apa ta pangwasanira,
basa ratuku ing kene, dedeg satus sapuluh gas,
gadane nora kangkat, ingangkat wong telung atus,
ginawe ameng-amengan.

– Kuthagara den atebih, luluh lumrang ing bantala,
priye nggonmu ngalahake, sumaur Sang Jayengrana,
nadyan si mengkonoa, jer ta ingsun uwis sanggup,
neng ngarsane ratuning wang.

– Mengsah negareng Serandil, lan ambanda ratunira,
lah iya pira suwene, lamun kalaha dening wang,
yen lawan karsaning Hyang, sira Buhartal ambekus,
aku bae kalahena.

– Yen kalaha awak mami, ratuku milu kasoran,
pan ingsun iki andele, sigra Buhartal malumpat,
sarwi angundha gada, duk angantep ing pamupuh,
binarengan astanira.

– Cinandhak astanireki, sinendhal saking turangga,
Buhartal ingubengake, tininggil-tinggil ing tawang,
sampun tanpa upama, sira dipati Tagelur,
arsa binanting ing lemah.

– Yen sireku arsa urip, anuli sira Islama,
sira Buhartal ature, ingsun anungkul ing sira,
apa sakarsanira, dyan sinelehaken sampun,
Buhartal wus kinen Islam.

– Nulya lenggah angaturi, marang padalemanira,
nurut Sang Jayengpalugon, kalawan kang para nata,
tiningkah gustinira, Buhartal langkung susugun,
munya kang gendhing araras.

– Antara catur dasa ri, wadya gung saha kang prapta,
jejel muara palwane, samya umentas sadaya,
wadya tanpa wilangan, Buhartal hebat andulu.
rakite bala lir dhangdhang.

VIII. PRABU SAHALSAH NUNGKUL DHATENG SANG AMIR

DHANDHANGGULA

– Wus pinarnah pakuwonireki, kang wadya gung sampun, sinegahan,
tepung akapang pondhoke, sakehing para ratu,
pan sadaya sampun apanggih, kalawan wadyanira,
suka manahipun, samya sinungan berana,
nenggih ingkang saking ing Gunung Serandil,
binagi pinarapat.

– Kalih duman mring para narpati, sabalane dene kang, saduman,
marang wong pambelah kabeh, Ki Buyut Wirigaluh,
kang ambagi sampun waradin, emas lawan sosotya,
sadaya wus sinung, sukeng tyas wong juru belah,
kang saduman marang ing Umarmayaki,
Wong Menak datan arsa.

– Jejel dening baiteng Medayin, ing muara Tagelur kebekan,
wadya gung samya karamen, kocap ing laminipun,
antarane salawe wengi, sira nateng Sulebar,
denira angrungu, gegaman Medayin prapta,
senapati Kalana Jayadimurti,
badhe mantu narendra.

– Wong Sulebar sanega ngajurit, Prabu Sahalsah sampun, pratandha,
angadegaken barise, budhal karsanya methuk,
marang raja putra Medayin, sakethi balanira,
ambekta tur-atur, datan kawursiteng marga,
prapta enjing Buhartal atur upaksi,
ing Gusti Kakung ing Rat.

– Lamun Prabu Sahalsah kang prapti, Jayenglaga mios, siniwaka,
munggeng ing tatarub andher, manggihi praptanipun,
sira Prabu Sahalsah nenggih, sampun tundhuk kalawan,
Menak Jayengsatru, nateng Sulebar mangrepa,
atur-atur wus samya makuwon sami,
nunggil lan wadya Ngarab.

– Agung kasukan ing siang ratri, sugatanira nateng Sulebar,
aneng Tagelur karamen, wau ta kang winuwus,
laminira kawan dasa ri, Wong Menak sinugata,
neng nagri Tagelur, warnanen Raja Kistaham,
dennya numpak aneng muara Nistani,
akathah kang pangkalan.

– Mila kantun praptaning Serandil, antarane kawan dasa dina,
Kistaham sandeya tyase, kendel palayaripun,
panarkane nateng Serandil, Lamdahur arsa mangkat,
nglurug mring Medayun, panuju palwa nabrang,
penigatan cinekel marang Kadarsi,
lajeng katur ing rama.

– Wong minanta kang den tatakoni, lah ta iki parahune sapa,
wong minanta lon ature, punika palwanipun,
putra mantu nateng Medayin, nenggih ingkang paparab,
Menak Jayengsatru, sampun kawan dasa dina,
praptanipun wonten Tagelur ing ngriki,
badhe mukul ing Selan.

– Prabu Kistaham tatanya malih, paran tingkahe para dipatya,

kang tunggu tampingan kene, pan inggih sami nungkul,
pan sadaya urut pasisir, Bahurtal prang kasoran,
kabala ing ngriku, nateng Sulebar wus prapta,
atur-atur angirid kang pra dipati,
Kistaham duk miyarsa.

– Langkung keju tyas ngungun tan sipi, animbali marang putranira,
Kobat Sarkat pambajenge, Kadarsi aranipun,
Raden Istukistun wuragil, lan sagung pra punggawa,
supenuh samya pul, gunem neng palwa rumbaya,
putra kapat ingkang tinari ngrameki,
kaya pa iki baya.

– Apa bali mulih mring Medayin, apa banjur seba mring Wong Menak,
iya ngiring salakune, padha ngaku ingutus,
mring Bathara Anyakrawati, mbantoni ing ngayuda,
amet galihipun, malar silih kasiliba,
katungkula kena ing paekan mami,
rembag putra sakawan.

– Sigra layar sadaya uminggir, prapteng sungapan sigra utusan,
angriyini ing inggahe, Kadarsi kang den utus,
panggih lawan Umarmayeki, tinanggap aturira,
binekta malebu, katur ing Sang Kakung ing Rat,
duk siniweng sagung kang para narpati,
Kadarsi prapta nembah.

– Amba ingutus pun bapa Gusti, mila prapta nusul saha bala,
rama paduka dhawuhe, ambantoni pukulun,
inggih saking awalang galih, dhateng lampah paduka,
manawi Lamdahur, awrat sinanggeng ngayuda,
pan pun paman kang kinen ngapen-apeni,
Gusti ing lampah tuan.

– Mesem Wong Agung Wiradimurti, Umarmaya kang kinon, methuka,

prapteng sungapan lampahe, Kistaham wus tumurun,
saha bala sampun apanggih, kalawan Umarmaya,
kabeh wadyanipun, kinantun neng ngara-ara,
Sang Kistaham kerid ngayunan wus prapti,
mendhak angaras pada.

– Langkung dennya nurageng minta sih, pinaringan pisalin sadaya,
Kistaham sampuning ngangge, kinen jajar alungguh,
lawan Prabu Sahalsah nenggih, Kistaham sigra nembah,
pan sampun alungguh, Prabu Sahalsah tatanya,
mbekta pinten bala Kistaham nauri,
pan inggih mung sayuta.

– Prabu Sahalsah wewah dennya jrih, mring Wong Menak mulat ing Kistaham, nembah pratingkah gustine, mangkana budhal sampun,
saha bala ingkang ngaturi, Sahalsah mring Sulebar,
saabala kebut, Raja Kistaham tut wuntat,
sawadyane umiring ing Jayengmurti,
marga tan kawursita.

– Prapteng Sulebar wus den aturi, angadhaton de Prabu Sahalsah,
makuwon neng pasebane, sagunging para ratu,
myang Kistaham makuwon sami, langkung dennya nyugata,
Sahalsah winuwus, agung siyaga gegaman,
cinarita pan sampun kawan dasa ri,
denira neng Sulebar.

– Gantya winarna nagri Serandil, Sri Lamdahur lagya siniwaka,
munggeng panangkilan andher, punggawa para ratu,
myang satriya kang pra dipati, prajurit hulubalang,
pra manca keh rawuh, Lamdahur lunggyeng ngamparan,
patik retna alelemek prang wadani,
njanggereng wentis tumpang.

– Yen siyunga Sang Nateng Serandil, dedegira sarupeng denawa,

anambaga sarirane, ngumbala remanipun,
simbar jaja kadya walingi, ireng-irenging netra,
sakucuning kempul, wajanya belah angraras,
kadya tatah aparik-parik ngajrihi,
jaja ujung sacengkal.

– Sabongkotan wentise kakalih, tuhu ngebat-ebati kalintang,
Prabu Lamdahur warnane, wadya kang mulat takut,
lamun ana pinandeng liring, pucet tanpa udaya,
ngalumpruk lir kapuk, ageng aluhur sembada,
yen ngandika gumaleger angajrihi,
lir horeg kang bantala.

– Ingkang munggeng ngarsa nara pati, sira Sang Raja Orang Kaorang,
tur sembah alon ature, pukulun Sanga Prabu,
wonten mengsah saking Medayin, senapatining yuda,
Menak Jayengsatru, kang kadya Ibnu Suraya,
Sri Bathara boten nindaki pribadi,
amung Ibnu Suraya.

– Neng Tagelur dennya pacak baris, pun Buhartal umagut, kasoran,
temah nungkul sabalane, malah ramanta Prabu,
ing Sulebar methuk manggihi, duta wus pinondhongan,
dhateng prajanipun, badhe mantune Sang Nata,
ing Medayin Kalana Jaya dimurti,
mila sagah samangsa.

– mBedhah Serandil Sang Jayeng murti, duk praptane pabeyan punika, mung sawidak prajurite, Buhartal gangsal ewu,
parandene datan ngudhili, Buhartal prang kasoran,
ngandika Lamdahur, pira dedeging satriya,
Jayengmurti kang sanggup mbedhah Serandil,
lan prajurite pira.

– Prabu Orang Kaorang turnya ris, aturipun kang atur uningan,
pideksa sedheng dedege, pan boten ageng luhur,

bagus mawi cahya nelahi, balane kalih yuta,
lawan kang babantu, long kang kawandasa dina,
praptanipun pabeyan andel Medayin,
nama Raja Kistaham.

– Duk miyarsa ngguguk Sri Bupati, kalingane ora tuku warta,
durung adol parungune, satriya ingkang rawuh,
lamun ingsun ageng tur inggil, lan gedhe gadaning wang,
bobote sewu satus, wong telung atus tan kangkat,
ingsun undha kuthagara sun antebi,
luluh lumreng bantala.

– Kang prajurit pirang-pirang kethi, ratu manca samya jrih
sadaya, ing gadaning sun gedhene, baya selak kasusu,
nggone tampa ganjaran putri, lah padha sira nengna,
ing lahir den tambuh, dimen prapta kuthaning wang,
iya besuk ingsun cekele pribadi,
sun karya meng-amengan.

– Kuneng ingkang lagya gunem kawis, lan pra ratu satriya
punggawa, warnanen wau lampahe, Kalana Jayengsatru,
lawan Prabu Sahalsah nenggih, sawadya para nata,
ing Serandil rawuh, rerep neng dhusun Ampeyan,
saking kitha kantun lakon kawan ari,
bengawan geng kawuntat.

IX. SANG AMIR KINTUN SERAT ANANTANG DHATENG PRABU LAMDAHUR

PANGKUR

– Wong Agung Menak angatag, mring kang raka Menak Abas nunulis,
srat panantang mring Lamdahur, Menak Abas nunurut,
tan adangu kang serat wus dadya sampun,
katur ing Sang Jayengrana, sinungken Umarmayeki.

– Puniku ingkang dinuta, lengser saking ngarsa umesat aglis,
ing marga datan winuwus, prapta kendel gapura,
duk sineba sira Sang Prabu Lamdahur,
lenggah munggwing patarana, supenuh pra manca aji.

– Wonten wong sariya prapta, ingkang kinen karya makutha dadi,
kasaru wong tunggu pintu, matur yen wontan duta,
nenggih saking pun Kalana Jayengsatru,
kayungyun warnaning duta, sembrananipun nucudi.

– Prabu Lamdahur ngandika, timbalana caraka ingkang prapti,
sigra tinimbalan sampun, Marmaya lincak-lincak,
Sri Lamdahur tumingal suka angguguk,
caraka den parek ngarsa, kinongkon apa sireki.

– Marmaya ngaturken surat, wus tinampan mring Sang Prabu Serandil,
binuka sinukmeng kalbu, tembunge punang surat,
layang ingsun Kalana Anjayengsatru,
kang kasub kaonang-onang, Kakung ing Rat Jayengmurti.

– Prawira dimurtining prang, kang minangka putra suraya aji,
papakuning rat Medayun, kasumbung Jayengrana,
ingkang dhingin pamuji marang Ywang Agung,
kapindhao marang utusan, iya Jeng Nabi Ibrahim.

– Tekaa marang ing sira, Alamdahur narendra ing Serandil,
wruhanira lakuningsun, ingutus mring Sang Nata,
ing Medayin kinen mbanda ing sireku,
yen sira nora nungkula, ing salakuningsun iki.

– Ing besuk ingsun cengkalak, ingsun gawa bebandan mring Medayin,
yeng mogok sun gawa lampus, sun cangking murdanira,
lamun arep urip mapaga maring sun,
ngaturna panungkulira, berana kang adi-adi.

– Lamdahur kalangkung duka, duk miyarsa serat sinebit-sebit,

pan sarwi ngandika asru, heh Kakang Rajeng Mlaka,
baya becik kang den ajapaken iku,
makutha ngong lagya dadya, nuli ana surat prapti.

– Makutha maksih neng ngarsa, Umarmaya nembah umatur aris,
patik bra mulat pukulun, makutha padukendra,
langkung pelang pasang warna rakitipun,
nanging kang maksih kuciwa, dene ta netrane sami.

– Retna kang munggwéng makutha, dereng pantes kagema Paduka ji,
ngandika Prabu Lamdahur, sira wruh inten pelag,
Umarmaya umatur sarwi gumuyu,
inggih ugi pan kawula, anake wong nyarawedi.

– Yen mangkono tingalana, sarwi mengo kecoh Sri Narapati,
mangsit wong tunggu manguntur, samya kinen prayitna,
makutha wus pinaring Umarmayeku,
lah payo delengen uga, intene kang ala endi.

– Makutha wus tinampanan, Umarmaya matur ngiling-ilingi,
punika ingkang her laut, her geni lan her kembang,
dereng pantes yen kagema ratu agung,
sampun ngantos katrocoban, inggih samia her thathit.

– Sawusnya matur mangkana, Umarmaya umesat sigra lari,
opyak samya kinen mbujung, geger ing panangkilan,
Umarmaya ndedel malumpat mandhuwur,
kebat mesat kadya kilat, tan ana bisa nututi.

– Wadya matur tan kacandhak, lumpatipun pukulun kadi thathit,
Sri Narendra langkung bendu, age melananana,
gajah ingsun sigra pinelanan sampun,
dipangga wus munggwing ngarsa, tedhak Sang Nata wus nitih.

– Sarwi ngandika mring bala, siyagaa sun lude si mancuri,
ngapusi makuthaning sun, sarya melak dipangga,

mandhi gada Marmaya nolih andulu,
lamun nututi Sang Nata, gya lumayu nampel wentis.

– Wus prapta njawining kitha, kumalebat Umarmaya kaeksi,
Lamdahur sru nguwuh-uwuh, Umarmaya mandhega,
sun tibani gada dimen ajur mumur,
Marmaya sirig kewala, lamun tebih angantosi.

– Lamun wus cedhak lumajar, langkung duka Sang Prabu ing Serandil,
sapuruge tinut pungkur, Marmaya manjing wana,
kendel ngungak-ungak ampingan wit bulu,
tinarka mangsa mbanjura, pasthi wangsul ing nagari.

– Tan adangu kapiyarsa, ting garepeg kakayon kang kaplipis,
ing dipangga lampahipun, kagyat Ki Umarmaya,
ala temen Lamdahur maksih anusul,
Marmaya nampel wentisnya, ingantep mesat lir thathit.

– Wus prapteng pakuwon Ngarab, Jayengmurti siniwi ing para Ji,
Umarmaya prapteng ngayun, napasira renggosan,
pan dinangu paran ta lakunireku,
Marmaya atur makutha, sarya matur solahneki.

– Gen kula ngapusi ngrika, makuthane Sang Prabu ing Serandil,
trustheng tyas Sang Jayengsatru, tinutur mulanira,
tinanggapan para nata hebat ndulu,
dene agenge makutha, tinaritis sosotya di.

– Her bumi lawan her kembang, angandika Wong Agung Jayengmurti,
nyata gedhe si Lamdahur, ketara ing makutha,
nora ana sedheng ingkang para ratu,
pasthi yen logro sadaya, Umarmaya matur aris.

– Punika lamun sembada, pun Marmadi ageng nanging tan inggil,

pan mung ratu dhedhak-dhedhuk, mesem Sang Kakung ing Rat,
pinaringken marang Marmadi wot santun,
ingangge sedheng prayoga, Sang Jayengmurti lingnya ris.

– Heh Marmaya kaya paran, ingsun arsa wruha sakedhap ugi,
iya marang si Lamdahur, kaya paran ing tingkah,
Umarmaya matur yen karsa pukulun,
kedah temen arsa wikan, tuan nitiha turanggi.

– Suwawi dhateng ing wana, sampun mawi mbekta abdi satunggal,
amung lan kula pukulun, katiga Kalisahak,
pun Lamdahur wau nututi katengsun,
nanging ta inggih tan nyandhak, duk kawula nampel wentis.

– Turangga wus kinapanan, kawot sagung kapraboning ajurit,
lajeng nitih Jayengpupuh, Umarmaya neng wuntat,
tan kaliyan pra ratu kang arsa tumut,
kuda nander prapteng wana, wau ta Nateng Serandil.

– Duk lagya melak dipangga, langkung kagyat Lamdahur aningali,
sujanma ingkang lalaku, amung katiga, kuda,
ya ta wau Marmaya mulat umatur,
inggih punika Wong Menak, waranane Rajeng Serandil.

– Jayengmurti gawok mulat, Umarmaya umpetan aneng wuri,
Prabu Lamdahur tan pandung, mulat ing Umarmaya,
asru mojar wong anom sapa aranmu,
lan ing ngendi prajanira, den iring ing buron mami.

– Aywa ngukuhi wong ala, iya iku duwe dosa ing mami,
sun jaluk ulungna gupuh, sun antebane gada,
si kuthila dimen ajur dadi bubuk,
sumaur Sang Jayengrana, iya iki batur mami.

– Yen sira tambuh maring wang, iya ingsun satriya ing Medayin,
kang pinutra-putra dhanu, mring Bathara Nusirwan,

kawijilan saking Ngarab bangsaning sun,
kang kaonang jagad raya, kang sanggup marang Sang Aji.

– Analeni marang sira, anembahken mring Prabu Nyakrawati,
gumuyu senggak Lamdahur, heh kalingane sira,
pangiride mungsuh Medayin kang rawuh,
kang sanggup mukul ing Selan, yen pecah kutha Serandil.

– Amocok jangganing raja, yen kalakon tampa tariman putri,
iya ta lah guyuning sun, sira kang aran Ambyah,
maksih jedheng sanggup ambedhah praja gung,
lan iya maksih satriya, durung umadeg narpati.

– Wani nglawan ingsun ngrana, den prayitna sangganen gada mami,
Wong Agung Menak gya kudhung, parise banda baya,
muter gada Lamdahur lajeng amupuh,
bajra nut siuting gada, lir prahara nempuh wukir.

– Mubal agni paris waja, kantar-kantar katiban genging bindi,
asenggak Prabu Lamdahur, lah ajur sira Ambyah,
kasat mata tan osik astanireku,
heh nyata prajurit sira, sun nyana sira wor siti.

– Dening ta sira kuwawa, anadhahi tibaning gada mami,
sun gadakken gapura gung, kuthagara in Selan,
mung sapisan kutha ajur anggalepung,
saking genge gadaning wang, lan kuwate asta mami.

– Lah payo sira malesa, iya Ambyah sun arsa angicipi,
apa kang aneng sireku, angling Sang Jayengrana,
heh Lamdahur mengko yen ganep ping telu,
sun males gada ing sira, aywa na mundur ing jurit.

X. PERANGIPUN SANG AMIR KALIYAN PRABU LAMDAHUR

DURMA

– Alamdahur gya nginger dipangganira, sarwi anggada malih,
inganteb tibanya, gada geng lir prahara,
tumibeng paris metyagni, akantar-kantar,
horeg lindhu kang bumi.

– Sruning gada jumebret pan kadi kilat,
nulya pinupuh malih, anjrit Kalisahak,
suku tumanem lemah, kapadal dening panangkis,
ewa mangkana, tan osik Jayengmurti.

– Alamdahur asru dennya angandika,
Ambyah nyata prajurit, dene sira kelar,
nandhahi gadaning wang, lah payo malesa glis,
Sang Jayengrana, sigra ngetap turanggi.

– Sarta ngangkat gada saking putra Kebar,
wawrat sewu mas kati, Lamdahur tumingal,
ngguguk dennya ngandika, nora layak Jayengmurti,
gadaning bocah, kang sira anggo iki.

– Gadaning sun iki lah sira anggoa,
inguncalaken aglis, prayitna sinangga,
dening Sang Jayengrana, ingulukken mring wiyati,
lir alap-alap, tibane den tadhahi.

– Ciptanira Lamdahur tiba ing jaja,
pasthi ajur si Amir, tan wruh yen sinangga,
ingikal munggwing asta, ingundha-undha kang bindi,
Sang Rajeng Selan, hebat dennya ningali.

– Duk pinuter gada munggeng astanira,

ngandika Jayengmurti, heh Lamdahur sira,
sun wales den prayitna, ing gadanira pribadi,
kudhung Sang Nata, ing parisannya wesi.

– Nora gadug Jayengmurti ngadeg sigra,
sarwi nabet turanggi, kuda Kalisahak,
pesate lan bantala, tigang dhepa winitawis,
sarwi anggada, udhune Jayengmurti.

– Genging bindi rosane ingkang anggada,
kuwate kang nadhahi, gigiring dipangga,
tugel sruning kapadal, Lamdahur tiba kuwalik,
akurangkangan, obah babalung neki.

– Ingkang satus rong puluh ngungun Sang Nata,
satanginira aglis, bekuh narik pedhang,
sukune Kalisahak, kang arsa sinabet aglis,
Sang Jayengrana, tedhak saking turanggi.

– Ngadeg aneng ngajengira Kalisahak,
pedhang pinedhang nuli, dharat yudanira,
rame amain pedhang, satengah ro dennya jurit,
Lamdahur mojar, wus suwe aprang iki.

– Kuciwane Ambyah tan ana kang surak,
tan ana kang ningali, mung kayu lan lemah,
kang weruh yudaning wang, yen becike Jayengmurti,
angundang bala, anaa kang nyuraki.

– Heh Wong Menak payo mring kadhatoning wang,
sira ingsun tatami, aywa walang driya,
ing besuk maning aprang, ngandika Sang Jayengmurti,
lah kaya ngapa, sun turuti sireki.

– Dene mungsuh teka angundang maring wang,
Lamdahur lingira ris, aywa walang driya,
sira sun sungga-sungga, wasana temah nuruti,
Sang Jayengrana, sareng dennya lumaris.

– Prapteng pancaniti maksih para nata,
wadya kang samya nangkil, marang gustinira,
Lamdahur sigra nyandhak, astane Sang Jayengmurti,
ngaturan lenggah, ing padmasana adi.

– Alamdahur gya lenggah munggeng wijowan,
aneng ngarsanira Mir, kagyat para nata,
punggawa mantri Selan, dene praptane Sang Aji,
anggawa mengsah, langkung dennya ngurmati.

– Angrarangin larih mider kaping tiga,
prayitna Jayengmurti, Lamdahur lingira,
pa gene tan nginuma, myang nadhah sira tan apti,
ywa walang driya, ngandika Jayengmurti.

– Kaya ngapa lamun ingsun amangana,
ing suguhira iki, besuk- esuk aprang,
ingsun kalawan sira, Lamdahur lingira aris,
luwih ta sira, nginuma bae dhingin.

– Samya nginum nanging Wong Menak prayitna,
tan arsa den larihi, mring punggawa Selan,
nginum yen linarihan, marang Marmaya pribadi,
punika arsa, panginume Sang Amir.

– Angrarangin senggake kang para nata,
punggawa ing Serandil, ndhatengaken suka,
keploke atimbalan, lalawuh anayub asri,
pameng-amengan, sadaya ngasmarani.

XI. SANG AMIR DIPUN SUBYA-SUBYA DENING PRABU LAMDAHUR

ASMARADANA

– Nata punggaweng Serandil, miyat cahyane Wong Menak,
para mantri sadayane, kadya tan samining janma,
kang mulat kaulapan, lir tranggana nglud sitangsu,

kadya banguning kartika.

– Panangkilan ing Serandil, pamari nenggeng markata,
surem sunare pra katong, ngujwala binaturetna,
merang marang ujwala, saengga jalma piturun,
saking Ngendra Ariloka.

– Kacipta reseping galih, punggawa mantri ing Selan,
gustining sun gedhe gombong, iki satriya kang prapta,
tan ana kalonglongan, wutuh bentet takeripun,
cahyane apindha wulan.

– Mangkana Sang Jayengmurti, pamit marang rajeng Selan,
heh Sang Nata ingsun miyos, mulih mring pakuwon Mekah,
tedhak Sang Jayengrana, Lamdahur nganter ing pintu,
Wong Menak wus nitih kuda.

– Wau ta sagung narpati, punggawa satriya Ngarab,
samya sandeya manahe, gustine dangu tan prapta,
sira Prabu Sahalsah, arembag samya anusul,
kasaru ing praptanira.

– Kalana Jayadimurti, kalawan Ki Umarmaya,
sawusnya lenggah pakuwon, lajeng bujana kasukan,
lan sagung para nata, sadaya wus munggeng ngayun,
miwah satriya punggawa.

– Wawarta Sang Jayengmurti, satingkahe Rajeng Selan,
miwah ta ageng luhure, ratu agung tanpa sama,
prakuswa ing ngayuda, mangkana denira nginum,
nutug sadalu bujana.

– Enjang sagung pra narpati, tengara anata bala,
gumrah suwaraning uwong, tri umung kang kala sangka,
sadaya wus sanega, sawadya sajuru-juru,
angrenggep gagamanira.

– Lori gandhi kala wahi, duduk gada lembing cacap,
sadaya anut tunggule, rempeg kalayu kakandha,

bandera warna-warna, kadya yayah wukir santun,
keksi saking antariksa.

– Wadya kang sikep jemparing, endhe busur lan gadebag,
datan kaliru pernahe, sira Sang Prabu Sahalsah,
sampun munggeng ngayunan, miwah sagung para ratu,
tuwin Sang Raja Kistaham.

– Tedhak Sang Wiradimurti, kang wadya muntab mbalabar,
prapta ing papan papandhen, wus samya baris kalangan,
lenggah Sang Kakung ing Rat, neng wijowan palowanu,
atap para ratu ngarsa.

– Warnanen nateng Serandil, Lamdahur nembang tengara,
samekta wadyabalane, sagunging nata punggawa,
miwah para satriya, sawadya sajuru-juru,
mbalabar yutan awendran.

– Saengga robing jaladri, kadya teduh ing ngakasa,
tempur lan ardika tunon, untabe bala ing Selan,
lir giri gara-gara, budhal Sang Prabu Lamdahur,
medal marang Jawi kitha.

– Sagung panganjuring jurit, pangiriding para nata,
nateng Mlaka Prabu Ipe, Sang Raja Orang Kaorang,
sumreg ing lampahira, wadya tinut ing kalayu,
ingkang sumundhul ing wuntat.

– Sri Nara Nateng Surati, Sang Rajeng Suratidsdaham,
tinon asri busanane, nulya Sang Prabu ing Siyak,
sira Prabu Siyansah, ing wuri Nateng Trengganu,
lan Sang Nateng Batubara.

– Bisikan Raja Brejasi, ing wuri Sang Nateng Prasman,
Raja Dihalsa namane, ing Jambi Raja Baskara,
ing kang sumambung wuntat, ing Ngaceh Raja Bastulu,
ing Gedhah Sang Raja Alam.

– Sumambung Nateng Paracis, Raja Pilkus namanira,
ing wuri Nateng Sepanyol, anama Raja Tahilman,

kang sumambung ing wuntat, Nateng Inggris kang jujuluk,
Raja Sawreda namanya.

– Cinatur bala Serandil, bacingah awarna-warna,
Inggris Prancis Sepanyol, punika kang kulit pethak,
ing Olan lan ing Prasman, dene ingkang kulit wungu,
ing Maldewa Batubara.

– Wadya kang cemeng Surati, ing Keling lan ing Benggala,
bang-bang awak Minangkabo, sira Raja Giwangkara,
wonge abang sadaya, wong nila ingkang biru,
wadyane Raja Nasansah.

– Cacah wong manca nagari, punggawane wolung leksa,
apan sakethi mantrine, malarsa ngabraseng yuda,
mring Medayin nagara, yen sampuna selak rawuh,
dutane Prabu Nusirwan.

– Satriya Wiradimurti, wau ta lampahing wadya,
kang medal saking kuthane, prapteng pamedan awiyar,
katon mengsah wadya Rab, wus samya dulu-dinulu,
kadya paguting hernawa.

– Prabu Lamdahur duk mijil, nitih Magelon asmara,
pun Magelori wus layon, prapta tedhak saking liman,
lenggah pataranamas, ingayap ing para ratu,
wadya gung tepung kalangan.

– Para nata ing Serandil, tyasnya samya gambira,
kadya mong mulat mangsane, aningali mungsuhira,
majeng samya tur sembah, pamit ing Prabu Lamdahur,
kedah magut miyosi prang.

– Nanging Lamdahur tan apti, heh sakehe balaning wang,
punggawa lan para katong, aywa na metu ngayuda,
ingsun yen maksih gesang, yen wis sempal bauningsun,
ing kono sakarepira.

– Ngandika Prabu Serandil, heh Kakang Orang Kaorang,

sira wus ngrungu wartane, mungsuh iki yen sun sawang,
barise warna-warna, kang kulon peteng ngendhanu,
tepung kang wetan mberanang.

– Prabu Kaorang turnya ris, Sang Nata kula miyarsa,
kilen kang genggeng barise, wadyane Sang Kakung ing Rat,
bebektan saking Ngarab, dene kang wetan puniku,
barise Raja Kistaham.

– Babantu saking Medayin, kang prapta kantun punika,
mbekta sayuta balane, andele Prabu Nusirwan,
nenggih Raja Kistaham, kang nate mbedhah praja gung,
mboyong putri banda raja.

– Lamdahur suka miyarsi,wau ta Sang Jayengrana,
ingayap kang punggawa ndher, Raja Kistaham mring ngarsa,
nyelaki mring Marmaya, atatanya wuwusipun,
heh Marmaya sun tatanya.

– Dedege Rajeng Serandil, apa nyata gung apanjang,
miwah gedhene gadane, Umarmaya saurira,
rupane Rajeng Selan, yen sira takon satuhu,
nyata yen agung apanjang.

– Nanging pawakane tipis, kuru kaya gegarukan,
dinulu angoled-oled, gadane agoronggongan,
upama den jawila, ing jariji loro runtuh,
lompore kang aweh warta.

– Den arani gung ahinggil, gagah prakosa digdaya,
nanging ora kedhah-kedheh, suka Sang Raja Kistaham,
wangsul marang nggenira, aken akekapa sampun,
kuda ageming ngayuda.

– Angrasuk kaprabon jurit, ngandika mring putra kapat,
kulup arsa magut ingong, lamun ingsun matenana,
iya mring Rajeng Selan, pasthi sawurine wudhu,
mangsa na wani maring wang.

– Lan ginanjar rabi putri, marang Bathara Nusirwan,
gya nyandhak pedhang paride, lajeng marek mring ngayuna
angger amba magut prang, yen pejaha pun Lamdahur,
murda katur ing paduka.

– Ngandika Sang Jayengmurti, mbok sira nora kuwawa,
nanging den prayitna bae, Raja Lamdahur prakosa,
nembah Prabu Kistaham, ingiden mring Jayengpupuh,
mundur gya nitih turangga.

XII. UMARMADI PERANG KALIYAN LAMDAHUR

DURMA

– Maju ngrana sira Sang Raja Kistaham,
susumbar nguwuh tandhing, payo metonana,
endi ratu ing Selan, ing kene kemubulan jurit,
duk amiyarsa, Lamdahur lir sinebit.

– Nyandhak gada tedhak saking padmasana,
nitih Mageloningsih, surak bala Selan,
Lamdahur maju ngrana, tinon lir parbata siwi,
luhur nanglela, hebat kang aningali.

– Dipanggane pinelak Sang Prabu Selan,
Kistaham aningali, hebat tur mengkarag,
andulu Rajeng Selan, njenggarang neng luhur esthi,
Raja Kistaham, payus cipteng jro ati.

– Tuhu cidra sun den kenakken ojat,
marang Umarmayeki, yen ingsun mundura,
wirang samining raja, yen tanggana ingsun mati,
gugup kaselak, nguwuh nateng Serandil.

– Heh prajurit Medayin saparanira,
kagyat sumaur aglis, ya ingsun Kistaham,
gurune Menak Ambyah, andel-andel ing Medayin,
gumuyu latah, Sang Prabu ing Serandil.

– Wingi ingsun wus aprang lan sabatira,
kuwate ngliliwati, mendah baya sira,
pasthi luwih prawira, sabate si Jayengmurti,
prandene dibya, payo nggadaa aglis.

– Heh Kistaham sira gurune Wong Menak,
aja na nguciwani, ya ta ngundha gada,
Kistaham julalatan, sarwi anggada Sang Aji,
tinangkis asta, gadanya tibeng siti.

– Narik pedhang Kistaham pan arsa medhang,
sigra nateng Serandil, angayati gada,
tumenga Sang Kistaham, gada geng angliwati,
sedheng lumarap, Kistaham nibeng siti.

– Angoncati kuda kang katiban gada,
luluh ajur wor siti, Umarmaya mulat,
sigra ngateri kuda, Kistaham wus kinen nitih,
Sang Prabu Selan, ngayati gada malih.

– Sigra dennya Kistaham nyamethi kuda,
lumayu marang wuri, amor bala kathah,
anulya ingadhangan, marang Ki Umarmayeki,
nanging ameksa, dipun sirati siti.

– Ngucek-ucek mata sarwi nyabet kuda,
gumyak sagung ningali, solahe Marmaya,
lawan Raja Kistaham, Prabu Lamdahur nututi,
asru tatanya, marang Umarmayeki.

– Heh Marmaya pa gene gurune Ambyah,
teka lumayu jurit, sumaur Marmaya,
dede guru punika, satrune ing Jayengmurti,
de mau sira, nora tutur ing mami.

– Yen Kistaham satrune mring gustinira,
weruha mau uwis, ajur gadaning wang,
sigra Prabu Marmadya, amit ing Sang Jayengmurti,
arsa maguta, methuk nateng Serandil.

– Angandika Wong Agung Marmadi aja,
abot nateng Serandil, mbok sira tan nangga,
Marmadi matur meksa, nadyan si ngrubuhna langit,
inggih manira, kedah arsa ngicipi.

– Jayengmurti mesem denira ngandika,
iya den ngati-ati, gya nitih dipangga,
ngrenggep gagamanira, prapteng rana wus apanggih,
Lamdahur sigra, mrepak ngiling-ilingi.

– Pawakane Marmadi kang tiningalan,
heh wong apa sireki, tumandang ngayuda,
apa ta lurah jagal, mbadog sregan rina wengai,
dhapurmu kiwa, wadhukmu njenjemberi.

– Asru mocap Marmadi nauri sugal,
pa gene kok praduli, marang wetenging wang,
pan ingsun iki lurah, sakehe para narpati,
ngidhep maring wang, balane Jayengmurti.

– Sru gumuyu Lamdahur asenggak-senggak,
tiwas temen si Amir, nggawe lurah sira,
angrehken para nata, tan pantes sira prajurit,
mung patutira, dadiya lurah koki.

– Rina wengi anggung aneng pabethakan,
aywa dadi prajurit, tan panuju sira,
Marmadi angling sugal, anak ratu agung mami,
nadyan waking wang, ya dadi ratu luwih.

– Kadanging sun lanang patang puluh papat,
padha umadeg aji, nagri sowang-sowang,
aja sira mejana, nadyan ala rupa mami,
jer dadi raja, kebat payo ajurit.

– Alamdahur latah sarwi ngangkat gada,
kudhunga den abecik, parisamu waja,
ingsun antebi gada, Marmadi wus kudhung nuli,
sigra ginada, marang Prabu Serandil.

– Pan jumebret lir gelap tibaning gada,
surak bala Serandil, mangsa tan lebura,
si dhedhuk ika sirna, adat iya ratu mami,
lamun anggada, durung kongsi mindhoni.

– Apan anjrit Marmadi dipangganira,
wulu marebel getih, mumet sanalika,
gumeter sariranya, sira Prabu Umarmadi,
nging tinahenan, angling Nateng Serandil.

– Ingsun tarka dhedhuk sira awor kisma,
iku ta maksih urip, lah payo malesa,
dhedhuk sira nggadaa, sigra Prabu Umarmadi,
angangkat gada, sarwi cipteng jro ati.

– Sun gada apa risane rajeng Selan,
mangsa dadiya kardi, pasthi tan kerasa,
yen nora lawan akal, sun pilihane kang tipis,
dipangganira, ingingeraken ngering.

– Jijithoke Lamdahur kang dipun gada,
kagyat njumbul Sang Aji, ngeses krasa lara,
si busung liwat ala, culika tingkahing jurit,
cidra ing gada, ingsun nganggo ling-aling.

– Ingkang tanpa paris waja sira gada,
dudu trape wong becik, Umarmadi ngucap,
singa-singa kang kena, ujer si wong rebut pati,
yen anggadaa, ing parisamu wesi.

– Iya mangsa kerasaa dening sira,
Marmadi thok sun bindi, nadyan ta matiya,
mumeta panonira, suda akuwatmu thithik,
wusnya mangkana, rame denira jurit.

– Seleh gada pan sami pedhang-pinedhang,
pedhang wus tanpa kardi, tikel kalihira,
nulya sendhal-sinendhal, arame tarik-tinarik,
denira aprang, apan kongsi salisir.

– Nulya candhak-cinandhak kang wawangkingan,
Sang Prabu ing Serandil, jinunjung tan obah,
Marmadi maras-maras, binantinga ingsun iki,
tan wande pejah, sigra denira mbithi.

– Netranira Lamdahur kagyat anjola,
inguculken Marmadi, bingung Nateng Selan,
sarwi atutup mata, nyata baring Umarmadi,
prang agung cidra, tetep ratu panyakit.

– Ing ngayuda Marmadi sakarepira,
iya ingsun turuti, nanging aywa cidra,
nulya candhak-cinandhak, Marmadi arsa ambanting,
ngetog kuwatnya, nging maksih tan kuwawi.

– Umarmadi ciptanira pan wus sayah,
Lamdahur iku maksih, kuwat durung sayah,
ingsun satemah tiwas, nulya mbithi mata malih,
surak gumerah, wong Ngarab wong Serandil.

– Jayengmurti suka denira tumingal,
solahe Umarmadi, wau kang ayuda,
Lamdahur ngunandika, si busung iki pan isin,
yen ngundurana, yen nora sun wiwiti.

– Heh Marmadi payo wis undur-unduran,
ing besuk aprang maning, aywa liya mangsah,
amung ingsun lan sira, Marmadi gumuyu angling,
bonggan waking wang, gelema metu jurit.

– Pareng mundur Lamdahur lan Umarmadya,
tengara den tetegi, mungsuh lawan rowang,
sareng ing undurira, Marmadi prapteng ngarsa Mir,
atur pranata, dinangu esmu manis.

XIII. PERANGIPUN PARA RAJA WADYANIPUN SANG AMIR TANDHING KALIYAN PRABU LAMDAHUR

DHANDHANGGULA

– Amakuwon Sang Wiradimurti, saha bala pan lajeng ndrawina,
lawan para ratu kabeh, miwah Prabu Lamdahur,
saha wadya para narpati, kondur malebeng kitha,
bujana anajub, ing dalu tan winursita,
wusnya enjing muni tengaraning jurit,
kendang gong asauran.

– Sampun medal bala ing Serandil, saking kitha neng papan mbalabar,
tuwin bala Ngarab kabeh, Kalana Jayengsatru,
lenggah mungguh ing palowani, ingayap para nata,
punggawa gung-agung, sanega saos ing ngarsa,
wau sira Sri Naranateng Serandil,
nitih dipangganira.

– Kamot sagung kapraboning jurit, mangsah ing rana prapta susumbar,
heh Umarmadi den age, aja liya kang magut,
nutugaken ing aprang wingi, Umarmadi miyarsa,
gumujeng amuwus, si Alamdahur wong edan,
wong wus meneng-meneng den kon metu jurit,
gumyak kang para raja.

– Nateng Jiyan sigra denira mit, Raja Harjan wus nitih dipangga,
ingidan umangsah age, prapteng payudan sampun,
Alamdahur sigra mrepegi, ngiling-ilingi mojar,
sun sengguh si busung, sira iki iya sapa,
ingsun ratu kadange Prabu Marmadi,
kadang ingkang panenggak.

– Raja Harjan ing Jiyan nagari, payo apa kang ana ing sira,

Lamdahur sun tadhahane, sigra Prabu Lamdahur,
ngangkat gada wus kudhung aglis, parise Prabu Harjan,
gada geng tumempuh, jumebret pan kadi gelap,
parisira Raja Harjan mubal api,
wadya surak-gumerah.

– Dipangga njrit tinahenan ugi, Nateng Jiyan sigra ngangkat gada,
gada-ginada arame, gantya pupuh-pinupuh,
Nateng Jiyan lamun ambindi, tinangkis lawan asta,
mring Prabu Lamdahur, yen Nateng Selan anggada,
Raja Harjan atangkis parise wesi,
asta tahen ngemu rah.

– Seleh gada kang ayuda kalih, narik pedhang prang pedhang-pinedhang, duduk-dinuduk arame, angling Prabu Lamdahur,
wis mundura Harjan sireki, sayah mbok sira pejah,
Nateng Jiyan mundur, nulya Sang Raja Jalkumar,
Nateng Kartal wus amit ing Jayengmurti,
nitih dipangga mangsah.

– Prapteng papan Lamdahur sru angling,
saparanmu sun aran Jarkumal, marang Arjan sun arine,
sigra pupuh-pinupuh, surakira gumuruh atri,
tan ana kang kasoran, kasaput ing dulu,
mundur kalih kang ayuda, cinarita prangira bala Nata Mir,
lawan Sang Prabu Selan.

– Tigang wulan saben ari jurit, Alamdahur tan angadu bala,
angawaki aprang dhewe, kadange Marmadyeku,
ratu patang puluh weradin, ing saben ari aprang,
sami dibyanipun, ratu patang puluh papat,
saben enjang amiyosi kalih-kalih,
sakembar-sakembaran.

– Kuwatipun digdayane sami, amung wolung rakit ratu kembar,
Rajeng Selan pangrasane, punjul lan kadangipun,
ratu ing Jongmirah kakalih, Durdanas lan Durdanam,
Kustur mali Kustur, Kosani kadhatonira,
Raja Jeras mali Jeras iku dadi, Barit mamali ritma.

– Ing Sriwulanmas Makana nenggih, Raja Barubik sun Nateng Sardal,
lan Biksun nateng Siyake, Kadarsi Ardi Samut,
lan Sang Prabu ing Betalpekih, Raja Hohen kembarnya,
Jahen nateng Tabun, kang samya awrating yuda,
nateng Ngyaban Sang Raja Kanjir Mukanjir,
liya puniku samya.

– Liya ratu kadange Marmadi, para nata prajuritira mByah,
ratu ing Kebar prang rame, Yusupadi prange pur,
ing Ngabesah Raden Woh Karip, aprang epur sadina,
Rajeng Kangkan pupuh, Prabu Hukman pur sadina,
ing Badakir Sang Raja Darba run Ali,
aprang epur sadina.

– Raja Drikahar Sang Nateng Jabin, denira prang lan Prabu ing Selan,
kalangkung denira rame, malah kasaput dalu,
Nateng Lekan Raja Pardasin, aprang epur sadian,
Sang Raja Hardabun, narendra ing Mudalipah,
prang sadina kalawan Prabu Serandil,
lamine cinarita.

– Balanira Menak Jayengmurti, denira prang nenggih tigang wulan,
telulas dina punjule, saben ari prang pupuh,
para ratu aganti-ganti, lawan Sang Rajeng Selan,
andina prange pur, pan amung Raden Mas Maktal,
kapi temen denirarsa magut jurit, nanging datan linilan.

– Saking sumelang tyas Jayengmurti, mring Lamdahur ciptaning wardaya, dadiya kanthi ing tembe, wau Sang Jayengsatru,
denira prang pitulas wengi, jangkepe tigang wulan,
prangira Lamdahur, werata bala Nata Rab,
mung Wong Menak ngawaki pitulas ari, mundur suruping arka

XIV. PRABU LAMDAHUR KASOR YUDANIPUN DENING SANG AMIR

DURMA

– Pan pitulas dina ta ana kasoran,
Lamdahur Jayengmurti, aprang saben dina,
malah ta cinarita, Wong Agung kakalih sami,
karya taratag, rambat madyaning jurit,

– Samya mbekta palenggahan sowang-sowang,
lamun sayah ajurit, malebeng taratag,
anginum kalihira, agantya larih-linarih,
yen mari sayah, sareng medal ajurit.

– Saben dina pan mangkana solahira,
sagung gagaman jurit, pan wus tanpa karya,
miwah sakehing gelar, cinendhak caritaneki,
mung prang wekasan, kinarya wahya malih.

– Sakathahe cinaturaken kewala,
mangkana Jayengmurti, aneng rananggana,
lawan Lamdahur prang, ngandika Sang Jayengmurti,
heh Rajeng Selan, tanpa wekas prang iki.

– Amung siji gelar durung linakonan,
payo banting binanting, menang kalah enggal,
gumuyu Rajeng Selan, baya ta sira mekasi,
sapa tan wruha, yen ingsun geng tur inggil.

– Pan sireku pideksa masih taruna,
tan wande wor lan siti, yen ingsun bantinga,
ngandika Jayenglaga, iya sakarepireki,
arebut begja, singa tiwas ngemasi.

– Asru mojar Lamdahur payo ubaya,

singa kasor ing jurit, tiningkah kawula,
sira yen wus kasoran, suwitaa marang mami,
yen ingsun kalah, banjur ngabdi sireki.

– Jeyengmurti nauri sakarepira,
Sang Nata sun turuti, lah payo njunjunga,
mrepak Sang Jayengrana, ngadeg neng ngarsanireki,
Sang Prabu Selan, sigra anyandhak aglis.

– Sarwi senggak pangangkate Rajeng Selan,
ananging datan osik, astanya ngemu rah,
getem meksa tan kangkat, netranya marebel getih,
ingangkat-angkat, Wong Menak datan osik.

– Alamdahur gumeter sariranira,
inguculaken aglis, kiyumar astanya,
suku tunanem lemah, lah payo malesa aglis,
junjungen ingwang, sigra Sang Jayengmurti.

– Nyandhak wangkingane Sang Prabu ing Selan,
sarwi nolih ing wuri, sigra Umarmaya,
nampani wangsitira, topong ingulukken aglis,
dyan bala Ngarab, sadaya tutup kuping.

– Miwah tutunggangan samya tinutupan,
bandera den let-leti, myang tunggul ndaludag,
kabeh wus lineletan, Umarmaya wus amangsit,
mring Raden Maktal, ngadhangi wong Serandil.

– Nulya petak Wong Menak sarwi angangkat,
kajunjung Sri Bupati, kagyat bala Selan,
anarka langit rebah, maledug turangga esthi,
akeh kantaka, kang apes wong Serandil.

– Ingulukken Lamdahur mring ngawang-awang,
mesat katon sapeksi, tibanya cinandhak,
ingundha aneng asta, nulya ingulukaken malih,
tiba sinangga, hebat sagung ningali.

– Tinon wadya bala sawusnya ping tiga,
nulya binanting siti, apan sarwi petak,
gumlinting Rajeng Selan, turutul Umarmayeki,
wus tinalenan, kasrah ing Umarmadi.

– Bala Selan ngungun kekes dennya mulat,
sagung punggawa mantri, maledug sar- saran,
amung kang para nata, prasamya ngesahken sami,
asta tikungan, kathah kang den taleni.

– Nulya mundur Wong Menak sawadyanira,
mbekta Nateng Serandil, Lamdahur angucap,
pa gene awaking wang, sinangsaya den taleni,
sadurunging prang, jangji singa kajodi.

– Banjur ngabdi sumaur Wong Agung Menak,
besuk ingsun uculu, yen ingsun wus nabrang,
mulih teka ing Selan, ana tandhanira dhingin,
yen kalah aprang, kendel Nateng Serandil.

– Prapteng pasanggrahan Wong Agung kasukan,
bujana lan para ji, Sahalsah Kistaham,
tansah mungging ngayunan, sira Sang Prabu Serandil,
wus pinanjara, mangkana Jayengmurti.

– Sakawone Lamdahur panyiptanira,
enget marang Sang Putri, kusuma Muninggar,
cipta tulus kagarwa, yen wus bedhah ing Serandil,
kang dadya ebang, pinaring Raja Putri.

– Saputing tyas supe lamun siniwaka,
ing sagung pra narpati, satriya punggawa,
angles sarira lupa, ingkang bayu rontang-ranting,
munggweng wijowan, sare Sang Jayengmurti.

– Sakathahe para nata samya medal,
aneng pasowan Jawi, Sang Raja Kistaham,
langkung pasuwitanya, tugur ing pasowan Jawi,
datan mantuka, mring pakuwonireki.

– Sawungune Wong Menak amarnagita,
ngidung wuwus ing lathi, paran baya benjang,
estua dadya garwa, kang akarya byatning kingkin,
weh pagaweyan, mundhut samodra getih.

– Animbali marang Sang Raja Kistaham,
prapta ngarsanira Mir, Wong Agung ngandika,
Kistaham sira nggawa, pawongan saka Medayin,
iya kang bisa, anggerong amenyanyi.

– Lamun nggawa sun pundhut nuli saosna,
sun karya tamba wingit, maria tyasing wang,
oneng yayi Muninggar, kinarya panglipur brangti,
rupaa apa, sok wijila Medayin.

XV. RAJA KISTAHAM BADHE NGRACUN SANG AMIR

MIJIL

– Raja Kistaham matur wotsari, mring Sang Prawira nom,
inggih kawula asaos angger,
estri kalih saged beksa paris, taksih anom kalih,
wignya yen angidung.

– Pun Jansikin lawan pun Sansikin, namaning wong wadon,
saking Turki angger kawijile,
asal kawula mboyong rumiyin, kala taksih alit,
mangkya diwasa wus.

– Alitipun wonten ing jro puri, duk sinau nggerong,
nate dipun wulang pan baude,
dhateng Gusti kusumaning puri, wedalipun inggih,
pan kawula suwun.

– Sadhateng kula Kangkan rumiyin, ngaturi lilinton,
boboyongan kalih atus angger,
Jayengmurti suka duk miyarsi, muliha den aglis,
wong iku sun pundhut.

– Raja Kistaham tur sembah mijil, praptaning pakuwon,
tinimbalan prapta ing ngarsane,
wadon Jansikin lawan Sansikin, Kistaham lingnya ris, babo
sira iku.

– Karo pinundhut ing Jayengmurti, padha kinen nggerong,
Jayengmurti abanget wuyunge,
marang Gusti Sang Retnaning Puri, kinarya panglilih,
karo sira iku.

– Sok mulata wong wadon Medayin, Sang Jayengpalugon,
pasthi dadi lilih ing brangtane,
nanging sira sun resaya ugi, ana wekas mami,
den kalakon iku.

– Yen kalakon keh ganjaran mami, saboboting uwong,
inten mirah dhadhacinan bae,
tarajunen lan bobotireki, lawan sira dadi,
garwa padmining sun.

– Angrehena sakeh garwa mami, mengkua kaprabon,
abdekena manira angenger,
wadon kalih tur sembah nanggupi, wus den bibisiki,
lah Nyai Ki Racun.

– Tamakena mring si Jayengmurti, yen sedheng kawuron,
pasthi sira den andel kalihe,
sabab kinarya panglipur brangti, sawusnya memeling,
budhal lampahipun.

– Sowan marang pakuwonira Mir, angirid wong wadon,
prapteng pasowan lajeng kature,
ingandikan wus prapta ing ngarsi, sukanya tan sipi,
miyat kalihipun.

– Raja Kistaham langkung nor asih, wus katur wong wadon,
sakalangkung ing kapracayane,
nulya medal Kistaham mring Jawi, ya ta Jayengmurti,
wau kang winuwus.

– Tansah kinanthik raina wengi, anggung kinen nggerong,
beksa pedhang lan beksa parise,
turidanya Sang Raja Pinutri, abeksa calimprit,
cacap lawan duduk.

– Yen amenthang gandhewa jemparing, lambunge lir pedhot,
pan kacithak saparipolahe,
Retna Muninggar yen anjemparing, besanira wasis,
sasolah katiru.

– Marma lilih denira mong wingit, Sang Jayeng palugon,
estri kalih dadya panglipure,
ya ta Prabu Sahalsah winarni, ingkang den pasrahi,
ngayomi pra ratu.

– Ing Serandil lan dipun pasrahi, jarahan kadhaton,
anacahna miwah boyongane,
ingkang badhe binekta Medayin, tuwin kang binagi,
marang para ratu.

– Wadya Serandil kang samya prapti, mring Sahalsah katong,
pra dipati kang manca prajane,
saleksa lan wong agunge nenggih, saben dina prapti,
lumintu susuguh.

– Mantri sakethi ingkang nyaosi, tundhan palwa uwong,
saos lamun Wong Menak budhale,
kondur marang nagari Medayin, mangkana ing latri,
sagung para ratu.

– Ingandikan akasukan sami, gumerah kendhang gong,
pupundhutan lumintu wedale,
linadosken ing para narpati, mider punang larih,
bujana anutug.

– Wusnya sayah ing samadya latri, sagung para katong,
samya medal mantuk pakuwone,
Prabu Sahalsah Kistaham tuwin, miwah para aji,
amakowon sampun.

– Ingkang ngandheg mung satriya kalih, ngladosi Sang Anom,
lan pawestri kakalih rowange,
Umarmaya lan putreng Ngalabi, wau Jayengmurti,
tyas saya waringut.

– Sangga asta sareyan Sang Amir, sanget ing kawuron,
Umarmaya kelangkung aripe,
Yayi Maktal karia sireki, ingsun arsa guling,
banget ariping sun.

– Prandene ana rowangireki, lan wong wadon loro,
nulya medal Ki Umarmaya ge,
prapteng pakuwon lajeng gulung, wau ta kang kari,
kang ngantun angantuk.

– Arenggotan tan bisa nayuti, sigra dennya miyos,
marang wijil pisan dennya sare,
Raden Maktal ciptanireng galih, paran dene iki,
ana kang atunggu.

– Wadon Jansikin lawan Sansikin, marmanya pitados,
maksih sami atengga kalihe,
satriya Tambakretna anuli, amor dennya guling,
lan wong tunggu pintu.

– Ya ta wau kang sakeca guling, Sang Jayengpaluḷon,
estri kalih tansah neng ngarsane,
antuk kala desa amarengi, dene ta Sang Amir,
arip kanthinipun.

Dilanjutkan dalam: Menak Sulub.

MENAK SERANDIL

R.Ng. Yasadipura I

PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan
Jenderal Ke...
899.22
YAS
m